


KUNZWA, KUCHERECHEDZA,

KUITA ZVIRI

MUSHOKO RAMWARI

 Zvino, matepi aya, ayo emusangano uno mangwanani ano, haatengeswi, ndeeChechi chete kana emumwe munhu, nekuti ane Dzidziso yechechi. Uye mumisangano kunze uko, zvinokonzeresa nyonganyonga, nokuti hazvibvire kuti 2 vedu tive nemaonero mamwe chete zvizere, asi tinofanira kuva nemoyo mumwe, zvisinei hazvo. Asi izvo, isu tiri mutabhenakeri pano, matepi aya ndee, munocherechedza pa. . . Ndeeshamwari chete, nevamwe vakadaro.

2 Zvino ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana tinamate. Vangani vangada kurangarirwa apo makakotamisa misoro yenyu? Neruoko bedzi rwakasimudzwa, uchiti, “Ishe, ndine—ndine chiri kudikanwa pandiri nhasi, uye ndiri kuda nyasha dzeNyu,” chero zvarwakamiririra.

3 Baba vedu veKudenga, tiri kuswadera zvino kuChigaro cheNyu chetsitsi, nokuti takakumbirwa kuti tizviite. Uye takaudzwa neMwanakomana weNyu, neMuponesi wedu, kuti kana tikaKukumbirai chero chinhu muZita raKe, tichachipihwa. Naizvozvo, Ishe, tichiziva kuti tiri kurarama mumimvuri yeKuuya kwaKe, uye zvino takamira mumimvuri yetsitsi dzaKe, zvino tinokumbira, Ishe, kuti Mugosarudza, neMweya Mutsvene, zvinhu izvo zvatnofanirwa kukumbira. Uye tinonzwa mangwanani ano, kuti hazvizopesane neShoko reNyu kana nekururama kweNyu kukuru, netsitsi dzeNyu nenyasha, kuti kana tikakumbira kuti tizova nekushanyirwa kwakatsaurwa nhasi kubva kuMweya Mutsvene. Kutu Auye pakati pedu uye agonzvera mifungo yemoyo yedu, ogozarura kwatiri panzvimbo pane hutera hwedu, nekupodza hurwere hwedu, nekusunga moyo yakaputsika, nekuponesa vakarasika, nekugadzirira vanhu paKuuya kwaKe. Ishe, inzwaiwo munamoto uyu.

4 Zvino tava kuverenga Shoko reNyu. Uye—uye tinonamata, Ishe, kuti pachidzidzo chedu cheSunday school mangwanani ano, kuti Muunze zviri kurehwa zvacho nepaverengwa uye mozoRizarura kumwoyo yedu. Nokuti, tauya pano nechinangwa chimwe chete. Chinangwa ichocho, choga, ndechekuKuzivai zviri nani. Isu tiri Makristu, neKutenda, tinoda kuKuzivai zviri nani. Avo vasati vava Makristu, vari kuda kuKuzivai seMuponesi wavo. Avo vanorwara, vanoda kuKuzivai seMupodzi wavo.

Uye tinonamata kuti pasave nemumwe achabuda muchivakwa chino, asina chaainacho, asi kuti chikumbiro chese chipindurwe zvizere, uye chishuwo chose chizadziswe, uye nemunhu wese—wese ave nomufaro, uye vabude muchivakwa, vachiti, sevaya vaibva Emausi, “Mwoyo yedu haina kutsva here mukati medu, paAnga achitaura nesu munzira?” Nokuti tinozvikumbara muZita raJesu. Amenii.

⁵ Zvino kunemi munoda kuvhura muBhuku renyu. Kazhinji, ndakaona, kuti mushumiro dzekuvhangeri, kuti maminetsi angangoita 20 kana 30 anonyatsova nekubata kukurusa pamharidzo yeipapo-ipapo yemweya, zvino kochizouya kudhanira kuartari. Asi ino zvairi Sunday school, handisi kuda kuzviita nenzira iyoyo mangwanani ano. Ndiri kunzwa kutungamirwa zvakananyanya pakutora nguva yangu ndichitaura nezveShoko.

⁶ Zvino, kana paine munhu asina kugara zvakanaka, ari kutonhorwa zvakananyanya, chinhu chega chaunofanira kuita ku. . . Munin’ina wangu, muchengeti, ari kumashure kwechechi uko, ingosimudza ruoko rwako saizvozvo kumashure uko, kwaari, zvino achaita kuti muwedzere kudziya. Uye tinoda kuti munge makadekara zvakanare muve nemanzwiwo akaisvonaka. Uye moteerera Shoko, nokuti tinovimba neMweya Mutsvene kuti utidzidzise Shoko raMwari. Uye mese muri kunzwa zvakanaka here, kumashure? Kana muchinzwa, simudzai maoko enyu, kana mu—muri kunzwa zvakanaka. Zvakanaka.

⁷ Zvino ndinoda kuti muvhure neni, ndine zvinyorwa zvakananyorwa pano, nemamwe Magwaro. Saka ndinoda kuti muvhure neni, kutanga, kuBhuku raVaRoma, VaRoma, chitsauko 9. Uye tinoda kuverenga kuitira chidzidzo cheMagwaro, kutanga, muna VaRoma 9:11.

(Nokuti vana ava vasati vaberekwa, vasati vaita zvakanaka kana zvakaipa, kuti chinangwa chaMwari pakusanangura kwake kusimbiswe, kusingabvi pamabasa, asi kuna iye anodana;)

Zvakanzi kwaari, Mukuru achashumira muduku.

Sezvazvakananyorwa zvichinzi, Jakobho ndakamuda, uye Esau ndakamuvenga.

⁸ Dai Mwari vawedzera maropafadzo aVo pakuverengwa kweRugwaro urwu. Uye zvino semusoro wenyaya, kutsigira chidzidzo changu, ndinoda kutora izvi semusoro wenyaya: *Kunzwa, Kucherechedza, Kuita Zviri MuShoko RaMwari*. Regai ndidzokorore izvozvo zvakanare. “Kunzwa, nekucherechedza, uyezve nokuita zviri muShoko raMwari.”

⁹ Zvino, tinonyatsoziva kwazvo, isu vanhu vanonzvera Magwaro siku nesikati, nekuverenga mapepa edu uye tinonzwa vatauri venhau, kuti nyika ino zvino yakamira mukubata kwemasimba makuru 2 emweya. Uye ose ari maviri masimba

ezvinamoto. Uye ndinotenda kuti masimba makuru aya nenguva isipi ari kusvika pamangange. Uye masimba makuru aya ose ari maviri aimiririrwa muvanakomana 2 ava vaIsaka. Kuti Mwari, muhuchenjeri hwaVo husingagumi, vakafanofananidzira zvinhu zvose kwatiri; kuti isu tigokwanisa nezvinhu izvi kuziva, zvirokwazvo, zviri kumberi kwedu. Ndokunyatsozviyekesa, kuti Mwari neShoko raVo, uye zvisikwa nezvemuchadenga zvaVo, zvakanyatsorongwa zvakanaka pamwe chete, zvekuti kunyange mu—mutadzi anogona kuona kuti chimwe chinhu chiri kuda kuitika. Mwari vakanyatsozvironga. Hapana kana ane pembedzo.

¹⁰ Zvino, tinoona muvanakomana 2 ava kuti ivo, vasati vatombozvarwa, vakanga vachirwisana. Kunyangwe amai vavo mhandara...Nokuti, akanga ari mhandara, Rabheka akanaka pachiso akaroorwa nembeu yakarurama yevimbiso yaMwari, Isaka; kuti vaive vatendi 2 muna Mwari vakazvitsaura, vakazadzwa neMweya, vakafanotemerwa kuwanano iyoyo chaiyo yavakabatanidzwa nayo. Mwari vakafanozviziva. Zvino chinhu chakadaro chaigona sei kuuya kubudikidza naamai vamwe chete ivavo, nababa vamwe chete? Mumwe, ari munhu akaipa kwazvo; nemumwe wacho, ari munhu akanaka kwazvo; uye kuti munhu akanaka ndiye aitaridzika seakaipa, uye akaipa ndiye aitaridzika seakanaka.

¹¹ Zvino ndizvo, zvagara zvakadaro, zvichagara zviri hurongwa hwaMwari. Mwari havakwanise kushandura hurongwa hwaVo. Nokuti, Vanoita kuti hurongwa hwaVo huve hwakakwana, nokuti chikamu chaVo.

¹² Mubindu reEdheni, chivi chakanga chakaisvonaka kwazvo kusvikira chakakwezva Evha kubva pakururama, kuenda kuchivi. Uye mubindu rimwe chetero mainge mune muti weHupenyu, maivawo zvakare nemuti werufu.

¹³ Tingauziva nhasi uno semurawo wezvinopesana. Kuti, pane chakanaka, pane chakaipa; pane chiri raiti, pane chakatsveyama. Uye isu hatimbofa, zvisinei kuti zvakatipoteredza zvingavei, hatimbofa takakwanisa kuzvibvisa pachedu kubva pamberi pechimwe chazvo. Nokuti, Pauro akati, “Kana ndichida kuita chakanaka, zvino chakaipa chiripowo ipapo.” Mutadzi haambofa akwanisa kubva pane Mukristu, Mukristu kubva pane mutadzi. Pachava nechapupu ipapo chechakanaka, nehuchapupu hwechakaipa, nguva dzose. Uye iwe unoita sarudzo yako. Unofanirwa kutora rimwe divi kana rimwe rwacho.

¹⁴ Asi muvanakomana 2 ava, zvinoshamisa kuziva kuti, vasati vaberekwa, vose vari mbeu imwe chete, kubva kuna Isaka, wacho aiva vimbiso. Zvino, chidzidzo chedu chakati rebei, uye ndinoda kuisa nheyo yakakwana kusvika magona kuona chaizvo zvandiri kutaura nezvazvo. Zvino mwanakomana wedangwe, Esau,

akazvarwa; tinoona kuti vakanga vasiri bedzi kungokikiritsana nekurwa vari mudumbu raamai vavo, asi kuti vakabuda kubva mavari, vachirwa, Esau achibuda, uye Jakobho ainge akabatirira pachitsitsinho chake. Uye vachiri kurwisana.

¹⁵ Uye kuti, vaigona sei kubva kuna baba kana amai ivavo vakakwana, vakachena, vakasanangurwa, vatsvene, vakatsaurwa! Saka tinozviisa pahwaro, hwekuti, Mwari vanodana nekusanangura. Zvinofanira kudaro. Zvisinei kuti baba namai vako vainge vakanaka zvakadii, vainge vaine mutsa zvakadii, kuti baba namai vako vaive Makristu zvakadii, zvichiri kwaari iwe sedungamunhu, kumira kwako pamberi paMwari. Chidzidzo ichi chinodzidzisa izvozvo, kuti ivo, vana vese vari vaviri, vakavepo kunyange kubudikidza nekusanangurwa nekudanwa naMwari, baba namai, mudzimai mhandara nomurume mutsvene, uyo pakupedzisira akazosvika pokuti kunyange kubudikidza nemumbeu yake kwakauya Jesu Kristu. Akazvarwa seuyo akabva kuvakafa. Akayedzwa, baba vake vakamutangira. Uye akavimbiswa, kubudikidza nembeu iyi yaSaka, kuti nyika yose yaizoponeswa. Uye kubva mumunhu akadaro, uye ropa rake rakachena kwazvo zvekuti Mwari havana kana kutendera muFiristia kuti atombobata amai vacho, mushure mekunge Abrahama amupa kwaari. Mwari vakarova imba yake nedenda, uye vakati, “Wangofanana neuyo akafa,” vachichengetedza dzinza iroro rakachena. Uye Rabheka iyeye, amai vakarurama, vatsvene, vakatumwa naMwari uye vakadanwa naMwari. Uye kubva mumbeu tsvene iyoyo makabuda mupanduki nemutendi. Maona? Saka zviri mukudana kwaMwari, kusanangura kwaMwari.

¹⁶ “Uye pasati patomboberekwa chero mumwe wavo, Mwari vakati, ‘Ndinoda Jakobho uye ndinovenga Esau,’ mumwe nomumwe wavo asati aberekwa.” Saka tinofanira kuva nemanzwiwo akadii. Mumwe munhu uyo Mwari vakataura newe uye vakakukoka kuuya kutafura yaVo uye neKumusha waVo, uye wova mwanakomana kana mwanasikana waVo, hakuna chinhu chikuru saichocho.

¹⁷ Vakomana 2 ava, kana tikacherechedza hunhu hwavo, mumwe wavo aive munhu wemweya, aive Jakobho. Uye munhu aive munyama ndiEsau. Asi vose vainamata. Uye chinhu chimwe chete ichocho chakaitika zvichidzika kwese nemumazera, ari munyama newemweya.

¹⁸ Esau aimiririra munhu wepanyika, munhuwo zvake, akarerekera kune zvekunamata, asi asingambokwanise. Zvakanga zvisiri maari kuzviita. Haana kukwanisa kuzviita. Akanga asina kukwanisa maari kwekukwira achipfuura zvinhu zvemunyika, chinhu chiri munyama.

¹⁹ Asi, Jakobho, zvakanga zviri nyore kwazvo kwaari kuti azviite. Zvino, Jakobho, chinangwa chimwe chete chaiva

naJakobho, uye chaiva chokuti aishuvira hudangwe ihwohwo, zvisinei kuti aihuwana sei, chero bedzi angohuwana.

²⁰ Uye mweya iwoyo wekuzvarwa kumwe chete ikoko uchiri kumiririrwa munyika nhasi, uye wave kusvika pamangange zvino: mutendi wemweya; nemunhu ari munyama, mutendi ari munyama. Hapana aigona kutaura kuti vose vakanga vasinganamate. Vainamata. Havana kutaura kuti mumwe akashumira “chifananidzo” uye mumwe wacho “Mwari.” Vose vakanga vari varanda vaMwari.

²¹ Zvino, nyatsoteererai kuMagwaro zvino pachidzidzo chino, nokuti ndine chokwadi chekuti zvichakubatsirai. Maona? Zvino, “Haasi wese anoti, ‘Ishe, Ishe’ achapinda, asi uyo anoita kuda kwaBaba vaNgu vari Kudenga.”

²² Zvino mukacherechedza, Jakobho aiva nechinhu chimwe chaaida, nokuti, maererano neShoko, maropafadzo nechinhu cha—chakanaka zvaive zviri muhudangwe. Uye, Jakobho, ndiro raive donzvo rake roga, chinhu chega chaaiwa nacho mupfungwa kwaiva “kutora hudangwe ihwohwo.” Zvino Esau akahuzvidza. Wacho akanga ainahwo chaizvoizvo, akahuzvidza, kana kuti ainyara nahwo. Asi Jakobho aihuda zvisinei nekuti ahuwana sei, aihuda.

²³ Ndizvo zvakaita mutendi wemweya nhasi. Haana basa kuti munomuseka zvakadii, kuti munoita jee zvakadii, kuti anenge achiita zvinosekesa zvakadii kupfungwa yenyama. Chinangwa chake hudangwe ihwohwo. Anoda kusvika kuna Mwari, nokuti zvakaberekwa zviri maari. Haana zvaanokwanisa kuita nezvazvo.

²⁴ *Jakobho* zvinoreva kuti “gweregwere” kana kuti “munyengeri.” Asi mushure mekunge awana uye atora hudangwe hwacho, akashandurwa. Ndiyo shanduko, yepanyama. Zvino akazonzi zvino, Jakobho, “muchinda pamwe chete naJehovha,” uyo waakaita mutsimba naYe.

²⁵ Mutendi ari munyama nhasi, “Oo, chero bedzi ndichienda kucheche ndichiita zvakanaka, zvinoita mutsauko wei?” Ndiro boka raEsau. Anoramba achiseka uye achizvidza hudangwe ihwohwo, haAna basa nahwo. Asi Jakobho akahuda.

²⁶ Uye murume wemweya nhasi, nemudzimai wemweya, vakasanangurwa, vakafanotemerwa naMwari kuti vauye kuHupenyu Husingaperi, kana zvichitoreva kutengesa zvose zvavanazvo, kana vachizofanira kubvisa zita ravo mubhuku rose rechechi munyika, vachiri kungoda ihwo hudangwe hwacho chete. Ndicho chete chinhu chakakosha kwavari, “kungutora hudangwe ihwohwo,” ndizvo zvoga. Hazvina basa kuti sei, kuti vanofanira kusvika padanho ripi, kana vachifanira kuti vasvike paartari vochema, vobongomora, kana vachifanira kumhanya nemu—mu—mudzinzvimbo uye vodzokera kunogadzirisira zvinhu, uye votengesa zvavanazvo, kana—kana kupa zvose

zvavanazvo vova mufambi nemutorwa, hazvina basa. Vari kuda hudangwe ihwohwo. Ndzivo zvega zvavane basa nazvo, hudangwe ihwohwo. Zvino, musapa vanhu ivavo mhosva. Havana zvavanogona kuita pazviri. Vakafanotemerwa kwazviri, vakasanangurirwa kwazviri.

²⁷ Uye zvino tinoona kuti vanhu 2 ava, ari munyama newemweya, ndiwo maitikiro azvagara zvichiita. Ndzivo zvazviri nhasi. Zvakagara zvakangodaro.

²⁸ Kaini naAbheri. Mubindu reEdheni, pakasikwa Edheni, maive nemiti 2 yekuti munhu atore sarudzo yake. Mumwe, akava wehuchenjeri; mumwe wacho, akazova Hupenyu. Paiva nevakomana 2, Kaini naAbheri, vose vainamata. Mumwe wavo akashuvira Hupenyu Husingaperi, uye akapa kuna Mwari, nokutenda, chibayiro chakanakisa kupfuura chaKaini. Mufananidzo wakakwana wemachechi nhasi: chechiwo zvayo, Chechi yepamweya. Uye hapana kupokana pakuti ndiri kutaura kumapoka ese ari maviri iye zvino, uye zvichida kubudikidza netepi ndichataura nemakumi ezviuru vavo.

²⁹ Asi, tarisai, chechiwo zvayo, inongova chechi iri munyama. Havambokwanisi kuenda pamusoro pechinhu chidiki ichocho chekuti “ndakajoinha chechi. Kana ndikaenda kuchechi, kana ndikaita nepandinogonesesa napo, ndizvo zvese zvinodiwa naMwari.” Zvino, ndizvo zvimwe chete zvakaitwa naKaini. Akaenda akanogadzira artari. Akaita chibayiro, akaanza zvibereko zvenyika. Uye akati, “Hezvinoi izvi, Mwari. Ndzivo zvakatonakisisa zvandinazvo. Motozvitora kana kuti mozvisiya henyu.” Ndiwo matendero anoita mutendi ari munyama nhasi. “Ishe, ndichaenda kuchechi. Ndichajoinha boka rakanakisisa randinogona kuwana. Ndichabhadhara mari dzinodiwa kuchechi. Ndichaita zvakafanira. Zvino, hezvinoi zvakakanakisa zvandinogona kuita. Ndichabatsira nokutengera chirikadzi marasha. Kana kuti, ndichapa vana vadiki hembe.” Zvose izvozvo zvakakanaka, hapana chandingataura ndichipesana nazvo. “Asi ndizvozvo, ndizvo zvoga. Kana Muchizvida, zvitorei; kana Musingade, haMusungirwe kuzvitora.” Zvino, ndiwo maonero echechi iri munyama nhasi.

³⁰ Asi Chechi yemweya! Abheri, nechizaruro, nenyasha, akaona zvinopfuura izvozvo, uye nekutenda akapa kuna Mwari chibayiro chakanakisisa kupfuura chaKaini. Uye zvikapupura nezve kururama kwake, Mwari.

³¹ Chinhu chimwe chete chakaitika muna Ishmaeri naIsaka. Mumwe akanga ari wenyama, uye mumwe akanga ari weMweya. Mumwe, ari wemurandakadzi; mumwe, ari wemudzimai akasununguka.

³² Zvakaitika zvimwe chete muIsraeri neMoabhu, machechi 2 makuru achiuya pamwe chete. Zvino Israeri payaida kuenda kunzvimbo yavo yechipikirwa, Chechi yepamweya, vanhu

vaJakobho, Israeri iri munzira; Vanhu vaEsau vakasangana navo, Moabhhu, chechi ine simba. Zvino mutungamiriri mukuru wechechi, Bharamu, akauya kuzotuka hama yake, asi akaona kuti haaikwanisa kutuka hama yake. Akakundikana, nehupofu hwemaziso ake, kuona hurongwa hwakafanotemerwa, ihwohwo, uye nokuona Shoko raMwari.

³³ Chekutanga, “Kutenda kunouya nokunzwa, kunzwa Shoko raMwari.” Zvino mutendi anoRinzwa, oRicherechedza, oita zviri maRiri. Munhu wenyama anoRinzwa, ruzha rwaRo, asi haafe. . . *Kunzwa* zvinoreva kuRi “nzwisisa.” Tarisa kune, kutarisa chimwe chinhu; asi *kuchiona*, ndiko kuchi “nzwisisa.” “Kunze kwekunge munhu aberekwa patsva, haangaoni kana kunzwisisa Humambo hwaMwari.”

³⁴ Zvino, heinoi Israeri ndokuuya, ichiuya nevimbiso yaMwari, zvokuti vakanga vakananga kunyika yechipikirwa. Kwete vasingatendi, asi vatendi, vatendi muna Mwari mumwe chete aiva neIsraeri, akauya kuzoedza kutuka hama yake, nekuti akati munin’ina wake, zvirokwazvo haana kururama nekuti akanga aita zvinhu zvakananda zvakaipa. Asi, munoono, akatadza kuona kusanangurwa.

³⁵ Zvimwe chete naEsau naJakobho! Esau aioneka semunhu ari nani. Akagara pasi akaita zvekubatsira vanhu. Iye—iye akachengeta baba vake vakwegura vaive bofu, akavatsvagira nyama yemhuka nekuvariritira, uye akanga ari mukomana akanaka. Zvinhu zvizhinji zvinoitwa nevatendi vari munyama zvine chekunamata, kubatsira-batsira munharaunda, uye—uye nekubhadharira vanhu zvikwereti zvekuchipatara, nezvinhu zvine chekunamata, asi handizvo zvandiri kutaura nezvazvo.

³⁶ Moabhhu yakanga yakanaka, rudzi rukuru kwazvo, hama yake. Zvino Jakobho akange aita zvose, akange ari mupanduki; asi zvakadaro aive nechinhu chimwe chete chekuti agoita, kwaiva kuwana vimbiso iyoyo, hudangwe ihwohwo. Heinoi Israeri ichiuya, vana vaJakobho, vaine chinangwa chimwe chetecho. Zvino ndiani achange akarurama apa?

³⁷ Bharamu akavaka maartari 7; muIsraeri maiva nemaartari 7. Bharamu akabayira zvibayiro 7 zvemhuka dzakachena; Israeri akabayira zvibayiro 7 zvemhuka dzakachena. Ikoko, kana vakazvitora zvingori patsika, Moabhhu aingonamatawo sezvaiita Israeri, Esau aingonamatawo sezvaiita Jakobho, uye Kaini aingonamatawo sezvaiita Abheri. Asi, kusanangurwa ndiko kune basa.

³⁸ Kupofomara chaiko! Kupofomara chaiko kwevana vaEsau, tichitaura pamweya, vaMoabhhu, vakatarisa zasi kuIsraeri ndokuti, “Vatarisei. Havasitombori sangano rechechi. Iboka revapanduki. Vanogara mumatende. Uye isu tiri rudzi rukuru. Vakaita zvakaipa. Uye havana sangano pakati pavo. Vari kungombeya-mbeya, vachitevera muporofita.” Asi akatadza

kuona Nyoka yeNdarira neDombo rakarohwa zvichienda mberi kwavo. Akatadza kuona boka iroro rakadanirwa kunze, rakasanangurwa richitevera hurongwa Hwedenga hwaMwari hwekuenda kunyika yechipikirwa.

³⁹ Ndizvo zvazviri nhasi. Vanoti, “Iboka revaumburuki vatsvene. Iboka revanhu vari *izvi, izvo*, kana *zvimwewo*.” Asi vanotadza kuona kuti uku kutevera gwara reShoko raMwari.

⁴⁰ Israeri yakanga iri munzira yayo kuenda kunyika yechipikirwa. Mwari, muShoko raVo, vakaita vimbiso.

⁴¹ Jakobho, chikonzero chaakasarudzira kuwana hudangwe ihwohwo, zvisinei, aida kuhuwana, nekuti aiziva kuti hudangwe ihwohwo ndihwo hwaiva nemaropafadzo. Hwaiva nehupenyu. Akanga asina basa kuti hwauya sei, chero bedzi angohuwana. Ndizvo zvaiva nebasa. Kuti hwauya nenzira ipi, zvakanga zvisina basa. Aihuda. Uye anofanira kuva nahwo. Uye akahuwana. “Vakaropafadzwa avo vane nzara nyoyota yekururama, vachagutswa.” Akanga ari munzira yake, uye aihutevera, uye akahugamuchira.

⁴² Israeri yakanga iri munzira yayo kuenda kunyika yechipikirwa. Hazvinei kuti vaMoabhu vangani nezvituko zvavakayedza kuisa pavari, vakaenda vakananga kunyika yechipikirwa.

⁴³ Uye nhasi hauzombofa . . . zvisinei kuti vanoisirwa mutemo wakawanda sei, kupomerwa kwakadini, kutambudzwa kwakadini, zvinhu zvingani zvakaipa zvavanotaura, kuti kangani kavanodaidza kuti “muumburuki mutsvene,” kangani pavanotaura zvinhu izvozvo zvakaipa, chechi ichaenderera mberi. Inofanira kudaro. Iri kugara muShoko raMwari.

⁴⁴ Imwe nguva madzimambo 2 akauya pamwe chete. Mumwe wavo aiva Ahabhu, akaipa wacho, mumwe wacho aiva Jehoshafati; Chechi yemweya, chechi iri munyama.

⁴⁵ Ahabhu aive mutendi wepamuganhu. Aiva nevaporofita. Vakanga vasiri vasingatendi. Vakanga vasiri vanamati vezvifananidzo. Vakanga vari vaporofita veIsraeri, asi vose vaidzidziswa nokupihwa zvokudya nokupfekedzwa namambo Ahabhu. Yakava senzvimbo yavakave netsigiro yese yezvematongerwo enyika.

⁴⁶ Jehoshafati akapinda, achiuya zasi ikoko, akaita mubatanidzwa, zvinova zvakaipa.

⁴⁷ Haufanirwe kuzvibatanidza nevasingatendi. Hatitombofanirwe, nenzira ipi zvayo, kutomboisa mazita edu pamabhuku ari mumachechi asingatendi Vhangeri rakazara. Kwete! Unopinda panyatwa.

⁴⁸ Uye vakapinda panyatwa. Zvino murume uyu akarurama akati, “Hatifanirwe kutanga tabvunza Jehovha here, kuti tione kana tichifanirwa kuenda kuRamoti-Gireadhi?”

49 Zvino tarisai kuti hurongwa hwacho hwaitaridzika zvakanakwana sei. “Tisu varidzi veRamoti-Gireadhi. Inzvimbo yedu, uye vaSiriya vakaitora kubva kuna Mwari mupenyu. Hatingakwiri here tinditora nyika iyi?” Zvino akataura zvakanaka kwazvo, uye zviri pamutemo chaizvo, uye zvakarurama kwazvo, kusvikira Jehoshafati azvidawo.

50 Uye, nhasi, varume vanokwanisa kumira papurupiti nenjere huru nekugona kutaura, nedzidzo, kusvikira vanokwanisa kutsanangura zvinoshaisa maturo Simba reMweya Mutsvene kubva muBhaibheri. Vanokwanisa kutsanangura zvinoshaisa maturo kupodza kwaMwari. Vanogona kutsanangura kutaura nendimi nokududzira, vanogona kutsanangura rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, vachizviisa kune rimwewo zuva.

51 Asi munhu akasanangurwa naMwari, munhu... “Makwai aNgu anoziva Inzwi raNgu.” Uine kusanangura ikoko kwaMwari pauri, hazvimbokugumbura.

52 Jehoshafati akati, mambo akarurama akati, “Hakuna here muporofita, watingabvunza Ishe?” Ahabhu akanga ari kutongoenderera mberi asinaye.

53 Ndiwo maitiro ari kuita chechi iri munyama nhasi. Oo, vane maseminari akazara nevaparidzi, varume vakuru, mapurofesa makuru, vakatesva njere, vakangwara, vanonakidza, oo, ini zvangu, kure-kure nenje-njere dzechechi zva-...kana kuti, Chechi yemweya.

54 Mumazuva aNowa, mumazuva iwayo, tarisai kuchechiwo zvayo. Vaiva chii? Vezvesainzi, vavaki, varume vakangwara. Asi vasanangurwa, Enoki naNowa, vaiva vafudzi nevarimi, vakazvinipisa, vasina kudzidza, vasina kungwara, asi vaiziva Mwari wavo; chimwe chinhu mavari, chichifamba, chichidana. Tichasvika kune izvozvo mushure mechinguva.

Zvino, saka Jehoshafati akati, “Hakuna here muporofita?”

55 Oo, hongu, vari munyama vanavo. “Zvirokwasvo, tinavo. Ndine seminari zasi kuno, izere navo.”

56 Akaunza 400. Zvino, ava havasi vasingatendi. Ava vanamati vaJehovha Mwari. Vakauya, uye vakati, “Ngativei nechinguva chiduku uye tichaporofita.” Uye saka vakaungana vese pamwe chete. Zvino vakadzoka vaine, “Shoko raJehovha,” uye vakati, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Vaporofita veIsraeri. “ZVANZI NAJEHOVHA. Endai zvenyu kumusoro ikoko, Jehovha anemi. Uye muchanotora Ramoti-Gireadhi, nokuti zvirokwasvo ndeyeIsraeri.” Zvino mumwe wevarume vakuru akazvigadzirira nyanga 2 huru dzesimbi, dzichingomiririra, zvino akatanga kusunda. Akati, “Neidzi muchasundira Israeri...kana kuti kusundira vaSiriya kubva muRamoti-Gireadhi.”

Asi, Jehoshafati, chimwe chinhu maari!

57 Oo, ndinovimba kuti Mwari vanoisa izvi pamoyo wako. Hachisi chinhu chaunogona kuzvidzidzisa kwachiri. Hachisi chinhu chaunogona kuverenga uchipinda machiri. Ndeizvo Mwari, nekusanangura, vanokuitira. “Kwete uyo anomhanya kana uyo anoratidza- . . . NdiMwari vanoratidza tsitsi.”

58 Jehoshafati akati, “Varume vakapfeka zvakanaka.” Pasina kupokana akataura chimwe chinhu chakadai, “Vakatesva njere, uye varume vakangwara kwazvo kudarika vose vandati ndambonzwa. Vakadzidza zvokuti hapana chavasingazive. Vanomira muhumwe. Vane kubatana kukuru pakati pavo. Uye vakangwara, uye vane Chokwadi chakanyanya.”

59 Mhosho yese ine Chokwadi. Nhema huru dzati dzambotaurwa dzaiva nechikamu 90- . . . [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] kubva muzana cheChokwadi madziri, nhema dzakaudzwa Evha naSatani.

60 “Oo, iChokwadi chakawanda mune zvavari kutaura, asi hapana mumwezve here?”

61 Zvino, munofunga kuti murume iyeye akati chii? “Apo isu tine 400 pano, vakanyanyisa kungwara, vakanakisisa? Havasi kunze kuno murenje vachimhanya vasina kusimira zvizere, uye vakazvimonera dehwe rehwei pavari, kana chimwe chinhu. Varume vandakapa zvokudya, vandakadzidzisa. Havasi varume vasingazivi maABC avo. Ivo vadzidzi, uye vanoziwa chinhu chacho. Vanogara, masikati nehusiku, vachirava mipumburu nezviporofita. Vanoziwa zvinova zvakanaka. Ndinavo vakagadzirira. Uye vamire pano muhumwe, 400 vavo, vachiti, ‘Endai kumusoro ikoko, Ishe vanemi.’”

62 Asi kana ndaigona kuona zvaiva mupfungwa dzaJehoshafati maminetsi mashoma, “Pane chimwe chinhu chisina kunyatsomira zvakanaka,” aizodaro. “Pane chimwe chinhu chinoita sechisina kumira zvakanaka. Hakuchina here mumwezve bedzi, kune imwe nzvimbo?”

63 “Oo,” akati, “hongu, kune mumwezve, asi haasi wesangano iri. Muchinda akati siyanei nevamwe. Anongovawo hake mupanduki.” Akafanana naJakobho. “Asi tinogona kumbomubvunzawo. Vanoti iye muporofita. Asi ndinopokana nazvo, nekuti anogara achingondituka, achitaura *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*, kana kuti haatomboporofita zvakanaka pamusoro pangu.” Angadaro sei? Maona?

64 Saka vakati, “Handei tinomutora. Mwanakomana waImura.” Saka vakaenda vakanomutora.

65 Zvino mumwe munhu akasangana naye munzira, akati, “Zvino, iwe taura zvimwe chete zvavari kutaura. Unofanirwa kubvumirana nesangano. Kana ukasadaro, nhamo kwauri iwe!”

66 Akati, “Ndichitaura izvo chete Mwari vanoisa mumuromo mangu kuti nditaure, uye hapana chimwezve.”

⁶⁷ Zvino wakati asvikapo, vakamupa husiku humwe, akati, “Endai zvenyu kumusoro ikoko, asi ndaona Israeri yakapararira semakwai asina mufudzi.”

Zvino Ahabhu akati, “Handina kukuudza here?”

⁶⁸ Zvino, pane 400 vachipesana ne 1. Varume 400 vakadzidziswa, vakangwara, vakadzidza, venjere vachipesana nekachituta 1 kadiki, sokumudana kwatingaite, Mikaya. Murume 1, asi zvakadaro murume 1 iyeye aiva neShoko raShe, ndizvo zvakaita mutsauko. Mumwe nemumwe wavo aiva wenhema, zvakaraidza kuva zvenhema. Sei Mikaya ainge akasiyana kudaro? Aifanira kuva murombo here, kuti ave akasiyana? Kwete. Izvo... Chii chakaita kuti Mikaya ave akasiyana, akagara neShoko. Shoko raMwari ndiro raakagara naro.

⁶⁹ Zvino zvakavimbiswa kuti, mumazuva ano, “Mwari vachadurura Mweya waVo.” Zvakavimbiswa naDhanieri, kuti, “Vanhu, mumazuva ayo ibwe rinorova chifananidzo mutsoka, vanhu vanoziva Mwari wavo achaita mabasa makuru.” Chiporofita pamusoro pechiporofita! Uye maseminari ese, nyika, hazvikwanise kuzviburitsa kunze. Mwari vachazviita, zvakadaro, uye vanhu vari kuzozvitevera. Maona? Iri munyama uye iyo... Chechiwo zvayo nechechi yeMweya. Munoono, Shoko rinoisa mutsauko.

⁷⁰ Ndizvo zvakafungwa naJakobho, “Uye zvisinei nekuti chii, ndinoziva kuti handingamboropafadzwa kunze kwekunge ndava nehudangwe ihwohwo. Hudangwe ihwohwo ndihwo hwandinotofanira kuti ndive nahwo.”

⁷¹ Uye, asi Esau akahuvenga, uye vana vake vanoita zvimwe chetezvo, nazvino, nanhasi uno. Vanohuvenga. Zvagara zvakadaro.

⁷² Pose pane rumutsiro, rwunogara rwuchibereka mapatya. Kutaura kune kuvirima, asi ichokwadi. Pakwakava nekuzvarwa kubva kuna, kubva kuna Isaka naRabheka, kwakaunza mapatya. Nyika payakasikwa, yakaunza mapatya, miti 2. Zvino Kaini naAbheri pavakazvarwa, zvakaunza 2. Ishmaeri naIsaka pavakazvarwa, zvakaunza 2. Zvino Esau naJakobho pavakazvarwa, zvakaunza 2. Mumwe wavo, ari munyama (mumwe wacho, wepanyika); mumwe wacho, weMweya. Uye mumwe akatarisa pane zvepanyama, zvenjere; mumwe wacho akafamba neMweya. Zvagara zvakadaro. Pakabuda chechi yechiLutherani...

⁷³ Ngatitorei Pentekosti, kutanga. Tarisai kubereka kwePentekosti. Kwakaunza rumutsiro rukuru, rwune simba rwakatenderera pasi rose rinozivikanwa, Pentekosti. Hapana kuita nguva refu mushure mePentekosti kusvikira Pauro akataura, kuti, “Paizosimuka varume pakati pavo, vane zvinhu

zvakatsveyama, uye vaizotendeutsira vanhu kubva kuna Mwari.” Uye ndizvo chaizvo zvakaita. Kunoburitsa 2.

⁷⁴ Pakazvarwa chechi yeLutherani, Martin Luther akaunza rumutsiriro rwepamweya. Hapana kutora nguva refu kusvikira Esau asvika, shure kwake chaiko, ndokuiita sangano. Uye zvikaibereka 2.

⁷⁵ Zvino shure kwaizvozvo, kwakauya Methodisti, John Wesley, rumutsiriro rwepamweya. Uye shure kwaizvozvo, kwakauya sangano, ndokuiita sangano. Uye zvikaibereka 2.

⁷⁶ Uye shure kwaizvozvo, kwakauya Pentekosti, rumutsiriro. Uye zvino vaiita sangano, uye zvino vadzika midzi musangano. Zvino zvinobereka 2.

⁷⁷ Asi mbeu iyoyo yemweya waMwari mupenyu, kunyangwe ichifanira kuva muyeni, kunyangwe ichifanira kunge iri muritairi, inogara ichikonzera kupatsanurwa. Esau haana kugara kwenguva refu naJakobho. Jakobho paakangwana hudangwe (Mwari ngavarumbidzwe), zvakaibva zvananira kupatsanurwa. Uye kana munhu . . . Handina basa kuti unopinda chechi ipi, kana iri munyama, neshamwari dzaunofambidzana nadzo, vanhu vaunotamba navo makasa, nenzanga dzenyu dzemabhuku, nezvimwe zvakadaro; kana wawana hudangwe ihwohwo, chinhu ichocho chiri zasi mumoyo mako chine nzara yaMwari, kana wahugamuchira, hunodanira kuti upatsanurwe. “Budai kubva pakati pavo, uye mupatsanurwe, ndizvo zvinotaura Mwari.” Kupatsanurwa!

⁷⁸ Chechi inowana pokugara. Munoono, haizokwanise kuenderera mberi. Esau akanga ari mufananidzo wakanaka kwazvo wemutendi ari munyama nhasi, asingambokwanisi kukunda nyika. Haakundi zvinhu zvenyika. Vachiri kufarira kuita zvekudhakwa, madhanzi avo, kupenda kwavo minwe nekumeso uye, ivo vakadzi, pazviso zvavo, ne—nekugera bvudzi ravo ne—nekupfeka tuhembe utwu tudiki tweekare tupfupi; uye—uye varume vanofarira kubuda vachienda kunotambirwa pool, ne—nekuputa midzanga, nokutaura tunyambo tune tsvina; uye vachitove vari vemuchechi. Havatombokwanisi kukurira zvinhu izvozvo. Kunyangwewo naEsau. Asi zvakadaro, kuti ave anonamata, akatozogumira pane maonero epfungwa. Ndizvo zvimwe chete zvinoitwa nechechi nhasi. “Tichava sangano. Tichazviunganidza pamwe chete. Tichaita kaboka, kana kachikwata, kana chimwe chinhu chakadaro.”

⁷⁹ Uye ndiwo mafambiro ari kuita chechi nhasi, yemweya neiri munyama, zvichiri zvimwe chete. Hazvisati zvachinja, uye hazvizombochinja.

⁸⁰ Hutsvene hwaMwari. Mwari, zvavari Mwari, vanozviratidza, pachaVo. Dai pakange pasina mutadzi, pangadai pasina . . . Vangadai vasina kumbova Muponesi. Asi Vaive Muponesi pakutanga, saka hapana chakarasi. Uye hunhu hwaVo

pachaVo hwekuva Muponesi, hwakaita kuti pave nemutadzi, paifanira kuva nechimwe chinhu chinoponeswa. Pasati pava nechii zvacho chingaponeswa, paitofanira kuva nechimwe chinhu chakarasika. Uye kururama kwaVo nehutsvene hwaVo! Dai pakanga pasina kumbova nemunhu ano—anorwara, Vangadai vasina kumbova mupodzi. Asi kubva pakutanga, uye nepamavambo, Vakanga varipo mavambo asati avapo. Vakanga vari mupodzi. Saka pakanga pasina chinorwara, saka zvakaburitsa munhu anorwara, kuti Vazovapodze, zvigoVaita mupodzi.

⁸¹ Kubva muNzvimbo Tsvene imwe chete iyoyo kureko makabuda ruponeso, makabuda zvituko. Kubva muna amai nababa vamwe chete vakabereka Jakobho, vakabereka Esau. Maona? NdiMwari. Havakwanise kushandura hurongwa hwaVo. Zvinofanira kuva zvimwe chetezvo. Zvisikwa zvese zvinosangana nazvo. Zvinofanira kudaro. Muri kubata here zvandiri kureva? Kupinda mazviri chaimo. Panofanira kuva nomumwe munhu anorasika, kuti aponeswe. Uye kana dai panganga pasina, iVo, zvaVo...iVo vari Muponesi vakazviita. Pakadzika panodana Pakadzika.

⁸² Semukomana mudiki wandinogara ndichitaura nezvake, achidya marabha kubva pamapenzura, uye nechitivhiri kubva pabhasikoro, aida suruferi. Uye chero bedzi maiva nechimwe chinhu imomo chaishuvira suruferi, paifanira kuva nesuruferi pane imwe nzvimbo, kutanga, yakagadzirwa. Paifanira kuva nesuruferi asati ava nechishuwo. Uye iyo, suruferi, yakamuburitsa, akabva adzokera kune suruferi.

⁸³ Ndiyo nzira iyo Mwari vari Muponesi. Uye paifanira kuva nechimwe chinhu chakarasika, kuti iVo vaponese, chinoVaita Muponesi. Ndizvo zvazviri kuita zvoze, zviri kuratidza Mwari. Zvinhu zvoze, zvoze zviri maVari; kwete mumuparidzi, kwete muchechi, kwete musangano, asi muna Mwari, kuti kusanangurwa kumire kwakakwana. Maona? Zviri maVari. Hongu. MuLutherani...

⁸⁴ Uye zvakare tinoona kumwezeve kupatsanurwa, kwaiva Abrahama naRoti. Vakanga vari hama. Asi Roti aiva nemafungiro ari munyama. Aigara achitsvaga chimwe chinhu chikuru, chimwe chinhu chine kuvaima kwakawanda pachiri. Sezvakangoita tsoko, sezvandinotaura, inogara ichitsvaga chinhu chinopenya. Mweya iwoyo hauna kusiya vanhu, nhasi. Vanotambanudzira...Vanoenda kuguta, uye havangauyi kuchitangwena chidiki chakaita sechino. Maona? Vanoda chechi huru kudarika dzose muguta, mufundisi ane njere kudarika vose, uko kunoenda vanhu vanopfeka zvakanaka kudarika vose, kunoenda meya, weguta. Uchiri mweya uya waEsau. Chaizvoizvo vaive nehudangwe, pakutanga kwacho, vanozviti Chechi, asi vanorasikirwa nahwo nekuti vanohwuzvidza. Haukwanise kuita kuti vanhu ivavo vapfugame nemabvi avo, uye

vacheme nekukumbira kuna Mwari, uye vobuda vonoita shumiro yekunamatira vanorwara, uye vomira pakutambudzwa nenyika, vachigamuchira Mweya Mutsvene. Uye ivo—havangaite izvozvo. Vanozvizvidza. Vanozvidaidza kuti “boka revaumburuki vatsvene.” Izvo chaizvo zvakataurwa neBhaibheri kuti vaizoita. Vanozviita nekuti ndihwo hunhu hwavo. Hunhu hwacho. Segunguwo nenjiva, hunhu huviri. Vanozvisuva nekuti ndizvo zvavari. Havazombofi, zvachose, vakaona rimwe divi racho, nokuti havana kuzvarwa kuti vazvione.

⁸⁵ Uye mumwe wacho, haukwandise kumudzivisa kubva kwazviri, nokuti kusanangura kwaMwari. Akazvarwa kuva murume wemweya kana mudzimai wemweya. Pane chimwe chinhu chiri maari chinodanira kuti adaro. Oo, ndi—ndinovimba kuti izvi zvinosvika apo patinogona, munogona kuona zvandi—ndiri kureva, pakuzvisvitsa panhongonya zvino. Zvino Abrahamama . . .

⁸⁶ Rangarirai, chero bedzi vaibatana pamwe chete, chechi iri munyama neChechi yemweya, havana kumbowana ropafadzo racho. Jakobho haana kumboropafadzwa kusvikira azviparadzanisa naEsau. Uye Abrahamama haana kumboropafadzwa kusvikira azviparadzanisa naRoti.

⁸⁷ Roti aive nemisangano yeminamoto yake midiki muchechi yake zasi ikoko, akadzidzisa vanakomana nevanasikana vake, nevamwe. Asi akararama hupenyu hwakadaro, zvokuti, paakatanga kutaura nezvekuguma kwenguva, vakamuseka.

⁸⁸ Zvimwe chete nhasi! Ukataura pamusoro pekupodza kwaMwari nesimba raMwari, nezvimwe zvakadaro, vanozviseka. Mweya mumwe chete. Ndiyo mweya 2 mikuru, mune zvekunamata, yakanyatsobata nyika zvakasimba; mutendi neasingatendi, mutendi nemutendi wekabanga, mumwe achitevedzera mumwe. Zvino Abrahamama paakazvipatsanura . . .

⁸⁹ Macherechedza here? Jesu, mukutaura kwaKe pamusoro peKuuya, Kuuya kwechipiri, Akati, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva aNowa, vachange vachidya, vachinwa, vachiroora, nokuroodzwa.” Asi paAkataura nezvemazuva aRoti, haAna kumbotaura chinhu pamusoro pawo. “Semazuva aRoti,” ndezvechizaruro.

⁹⁰ Tarirai zvakaitika mumazuva aRoti. Kwaiva naRoti zasi uko muSodhoma, agere hake zvakanaka, pane zvepfungwa, akava iye, mumwe wavarume vakuru veguta, mutongi, anogara pamasuwo achitonga vanhu. Mudzimai wake aiva wenzanga dzose dzaivemo muguta. Uye vanasikana vake, nevamwe vose, vakaroorwa pakati pevane mukurumbira, vakatesva njere, vakadzidza zvikuru, vakangwara, vanhu vanonakidza. Uye Abrahamama aigara mutende pasi pomuti wemuoki. Asi rimwe zuva vose vari vaviri vakashanyirwa.

91 Zvino kwakanga kune muparidzi wenjere akaendako ndokuparidza, ndokuvadana kuti vabude. Tarisai—tarisai mharidzo yacho, “Budai kunze,” akadaro kuna Roti.

92 Uye haaizombodanwa kuti abude mariri dai dzainge dzisiri tsitsi dzaAbrahama. Akati, “Ndingawana varume 50 here, Mungarinzwira tsitsi here? Ndingawana varume 30 here? Ndinga...Ko ndikawana 10?” Ndipo paaikwanisa kusvika. Zvino haAna kukwanisa kuwana 10 pakati pavo.

93 Ndosaka, “Sezvazvakanga zvakaita pamazuva aNowa.” Rangarirai, Nowa akanga asiri mufananidzo weChechi; Enoki ndiye aive, haana kupinda nemunguva yekutambudzika, asi akashandurwa kutambudzika kusati kwatanga. Enoki akaenda Kumusha, haana kupinda nemukutambudzika. Nowa akapfuura nemo.

94 Zvino, nyatsotarisaisai zvino patiri kufambira mberi mune izvi. Tarisai mhando yechiratidzo chakawanikwa naAbrahama nemhuri yake. Vakawana chepaMweya. “Abrahama!” Akaziva sei kuti aive Abrahama? “Mudzimai wako Sara, aripi?” Akaziva sei kuti akanga akarooro, kana kuti akanga aine mudzimai, Sara?

“Ari mutende.”

95 Zvino, Murume agere ipapo, achidya nyama, achinwa mukaka, nekudya chimodho, “Mudzimai wako Sara, aripi?” Akaziva sei chinhu ichocho? Akazviza sei? Pafungei ipapo. Munodana...Imi vanhu vemweya, izvi ngazvipinde mamuri. Akaziva sei izvozvo, paAkaita semutorwa, aine huruva pahanzu dzaKe?

Zvino Abrahama paakati, “Ari mutende, shure kweNyu.”

96 Uye Akati, “Ndiri kuzo...” “Ini, Ini,” chisazitasingwi. “Ini,” Murume uyu, Mwari vachiZvzivisa munyama. Mwari! Abrahama akaMudaidza kuti Elohim. “Ini, Ndiri kuzokushanyira. Ndichachengeta vimbiso yaNgu. Zvino maringe nenguva yehupenyu, Ndichakushanyirai, uye muchava nemukomana uyu waNdataura nezvake kwamuri.” Zvino Abrahama, aine 100; Sara, 90.

97 Zvino Sara, ari kumashure—shure mutende; anenge matende 4 maduku, tende guru riri kumashure. Seri kwejira retende, akanga achiteerera. Akazvinzwa. Zvino pakadzika mumoyo make akanyemwerera, akati, “Ini, chembere yemakore 100, naishe wangu,” murume wake, “ishe wangu, uye akwegura, uye munofunga kuti tingazofara tese zvakare, sevechiduku vakaroorana? Oo, zvingava sei?” Zvino akaita sekakunyemwerera.

98 Murume uyu ainge akafuratira musana waKe kutende. Akati, “Asekei?” Oo, hama, hezvoka izvo!

⁹⁹ Tarisai chechi iri munyama Evhangeri ichiparidzirwa kwavari. Billy Graham wechimanjemanje nevamwe vari zasi ikoko vachiparidza Evhangeri, “Budai mariri!” Asi vakabuda here? Kwete. Vashoma, shoma, shoma chaizvo.

¹⁰⁰ Tarisai boka raAbrahama, vakadanirwa kunze. Zvino cherechedzai. Zvino Akamupa chiratidzo ichi, uye akaMutenda. Zvino Akanyangarika pamberi pake, ndokuenda. Oo, kwagara kuri kupatsanurwa chaiko, vakadanirwa kunze!

¹⁰¹ Zvino, mweya 2 iyi. Kuti ndikasike nemi, kuti ndikasike zvino kusvika panzvimbo yangu yandiri kuda kuti muone. Mapoka 2 aya akabatirana pamwe chete nepedyo, kwese zvichidzika nemumazera, kubva pakutanga kwenguva, chechi iri munyama, Chechi yepamweya. Vakapfuura nemuTestamende Yekare, vakapfuura nemuTestamende Itsva, uye vachiriko nanhasi.

¹⁰² Zvino, angangoita makore 2,000 apfuura, yakasvika pamangange, uye yakapinda muvarume 2: mumwe wavo, Jesu Kristu; mumwe wacho, Judhasi Iskarioti. Zvino, Jesu akabatanidza Kuuya, kweKuuya kwaKe kwechipiri, kuti mweya 2 iyi ichazonge yakasiyana zvikuru nezvayaiva kumashure uko. Zvino hepáno pandiri kuda kuti mupfeke nguwo dzenyu—dzenyu dzeKubwinya. Mweya 2 iyi ichange yakasiyana. Nokuti, Satani akauya ndokugara mumurume aiva nhengo yechechi, Judhasi Iskarioti, agara muchechi yenyama, uye aiva shamwari yechechi nguva dzose. Asi akapinda uye—uye ndokunyengera, kana kuti akafunga kuti ari kunyengera hama yake. Akapinda ndokuita semumwe wavo; akaravira zvinhu zvakanaka zvaMwari, akafambira mberi muMweya, achiita sekunge ari kudaro, akabuda akanoparidza Evhangeri, nekudzinga madhimoni. Asi pakadzika mukati make, nguva dzose, aive Judhasi, kubva pakutanga. Bhaibheri rakati, “Akazvarwa ari mwanakomana wokuraswa.”

¹⁰³ Zvino rangarirai, heyo chechi iri munyama kumashure uko, yaEsau, vaFarise nevaSadhuse.

¹⁰⁴ Asi tarisai muchinda uyu anofunga pachake se... Achafamba pamwe neMharidzo kwechinguva, asi haadi kuisa maoko ake zvakanyanya paIri. Maiona mweya iyoyo here? Jesu akati, “Ichange iri pedyo kwazvo nechinhu chemazvirokwazvo, ichanyengera Vasanangurwa chaivo,” Vasanangurwa, kana mukazvicherechedza, “dai zvaigoneka.” Asi hazvigoneki. Munoono, ichanyengera.

¹⁰⁵ Zvino tarisai, kwete chechi iri munyama chete, iyo iri kunze uko, chechi yemazuva ose iri munyama, boka raEsau.

¹⁰⁶ Tava zvino neboka raJudhasi, rinova rakanyanyisa kuipa racho, rakanyanyisa kuipa, riri kuuya chaiko mumaoko chaimo eropafadzo. Sezvakangoita muna VaHebheru 6 ne 10, paakati, “Vakamboitwa vagoverani uye vakaravira masimba enyika

inouya, uye vakaita zvinhu zvose izvi; kana... uyezve kana vakagamuchira ruzivo rweChokwadi, uyezve kana vakazotsauka nemaune.” “nemaune,” chii ichocho? “Kutora Ropa resungano, ravakaitwa vatsvene naro, sechinhu chisina hutsvene.”

¹⁰⁷ Regai ndikupei mufananidzo. Hezvinoi izvi. Heunoi murume, muchinda akanaka, mukomana akanaka. Akadanwa, anonzwa mumoyo make kuti anoda kuva mushumiri. Zvakanaka, anogamuchira Jesu seMuponesi wake. Mukomana akanaka, hapana anogona kutaura chakaipa pamusoro pake. Mushure mechinguva, nyaya yekucheneswa. Murume anochiva kana akatarisa vakadzi. Iye... Zviri maari. Maona? Uye zvakare, chinhu chinotevera, zvichida aisvuta, uye anoda kusvuta. Pamwe anoda kutamba njuga. Pamwe anoda kuita chimwe chinhu chakaipa. Anoziva kuti haafanirwe kuita izvozvo, saka anoti, “O Mwari, isai Ropa raJesu pandiri, uye mundichenese.”

¹⁰⁸ Zvino anobva acheneswa. Anogona kudanzira, kurumbidza Ishe, kuita zvimwe zvinhuwo, zvakare, obuda onoita chimwe chinhu. Rangarirai, Jesu akati mhando iyoyo ichazovapo pazuva iroro. “Vazhinji vachauya vachiti, ‘Ishe, handina kuporofita, kuparidza here? Handina here kudzinga madhimoni, muZita reNyu?’” Jesu akati, “Handina kutombokuziva, iwe muiti wezvisakarurama.” Munoono, havoka avo.

¹⁰⁹ Zvino tarisai izvi zvino. Tave kusvika pakucheka kachikamu kakatetepesa chaiko kebvudzi, kusvika zasi chaiko kumucheto wakapinza weEvhangeri, “Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi 2, unocheka kusvikira pakati pebvupa, uye Munzveri!” Hareruya! Mwari, itai kuti ripfuure. “Munzveri wemifungo yepfungwa.” Ndiyo Evhangeri, Simba raMwari. Shoko raMwari raratidzwa ndiro Evhangeri.

Unoti, “Bhaibheri rakati. Ndiro—ndiro Shoko raMwari.”

¹¹⁰ Zvino, Shoko raratidzwa ndiro Evhangeri. Evhangeri yakauya kwatiri kwete kubudikidza neShoko bedzi, asi kubudikidza nesimba nekuratidza kweMweya Mutsvene, kuratidza Simba, kuita kuti Evhangeri ive mhenyu.

¹¹¹ Pandakaenda kuIndia, achibhishopi we—wechechi yeMethodisti akabuda, akati, “VaBranham, hatidi kuziva kana chii zvacho pamusoro pemumishinari. Tinoziva zvakananda nezveBhaibheri kupfuura zvamungazomboziva mose.” Akati, “Taitova chechi kare, uye takagara pano makore 2,000 imi musati mava nyika.” Ndizvozvo. Asi akati, “Tinonzwa kuti Mwari vakakushanyirai uye vakaunza chipo chinogona kuita kuti Bhaibheri iri rive benyu.” Akati, “Ndizvo zvatiri kuda izvozvo.” Oo, ini zvangu! Munoono, murume iyeye aiva mwanakomana, kwete muzukuru, sezvakataurwa naDavid. Maona? “Tinoda kuziva. Ichokwadi here?”

112 Ndakati, “Zvirokwazvo, ichokwadi. ‘Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.’”

113 Zvino, mucherechedzei, chechi iri munyama ichitambudza Chechi yepamweya. Zvino, tinoona zvino kuti Judhasi achinyepera kuva hama, hama, ndokuzogumisira zvino pakupedzisira asvika panhongonya.

114 Zvino tarisai muparidzi wechidiki uyu. Anosvika panzvimbo, yaanoti, “Ishe, ndanga ndichitarisa vakadzi. Handifanire kuita izvozvo. Ndanga ndiri, munoziva, sekuita zvinhu zvemunyika. Handifaniri kuita izvozvo. Ndange ndichishandisa mari yangu pamijaho yemabhiza. Ini—ini handifaniri kuita izvozvo. Nda—ndanga ndichienda manheru ega—ega kumabhaisikopo. Handifaniri kuita izvozvo. Ndinofarira kunyange mifananidzo yezvinyadzi nezvimwe zvakadaro, ndinotova neyakanamirwa kumadziro mukamuri mangu. Handifaniri kuita izvozvo. Zvinhu zvemunyika izvozvo. Ndichenesei, Ishe!”

115 Ishe ndokuti, “Zvakanaka, Ndichaita izvozvo.” Anaisa Ropa raJesu Kristu romuchenesa.

116 Zvadaro, paanoita izvozvo, humwe husiku anopfura uye anonzwa chimwe chinhu. Anoendapo onoteerera. Anonzwa nezverubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kuzadzwa neMweya. Ipapo obva anyatsotarisa mazviri, “Oo, ini zvangu, zvinoshamisa kwazvo izvi! Asi, imika, zvinokanganisa shumiro yangu kana ndikazviparidza izvozvo. Zvingazoita kuti amai vandidzinge pamba. Vangazondidzinga muchechi mangu kana ndikangopinda mazviri. Oo, zviri nani ndisiyane nazvo. Asi regai ndizviongorore. Hongu, iChokwadi ichi, Bhaibheri.”

117 Zvino, semumwe mushumiri ane mukurumbira, anozivikanwa pasi rose, akawanikwa nguva pfupi yapfura (nomumwe murume akanga aneni muPuerto Rico) akapfugama, achitaura nendimi, muLondon, England; murume ane simba, mumwe wevavhangeri vakurusa munyika nhasi. Zvino murume uyu, mukoma wake aneni pano, murume akazadzwa noMweya, akamhanyira kwaari akati, “Oo, hama, ndizvozvo!”

118 Akati, “Ndinozviziva. Ndinozviziva. Asi, onaika, regai ndikuudzei chimwe chinhu.”

119 Akati, “Zviparidzei zvino. Zviparidzei. Ino ndiyo nguva yacho. Nerunziro yenyu, munogona kuzunguza nyika.”

120 Akati, “Kwete, handigoni kuzviparidza. Munoono, che—chechi ingazondiramba. Handingambozviparidza izvi. Handingagoni kuzviita.” Oo, hama!

121 “Vakaga- . . . vakambocheneswa uye ndokuuya kuzogamuchira ruzivo rweChokwadi, kutarisa maChiri, vakaona kuti Chiri raiti; ndokutsauka, vachiona kuti

vanozviroverera pamuchinjikwa Mwanakomana waMwari, nekuMunyadzisa pachena, kunyara neEvhangeri.”

¹²² Pauro akati, “Handinyari neEvhangeri yaJesu Kristu, nokuti ISimba raMwari kuruponeso.” ISimba raMwari riri kushanda pakati peChechi yaVo.

¹²³ Asi ivo vakati, “Handaikwanisa kuita izvozvo.” Murume uyu akati, “Vangazofunga kuti ndiri mupentekosti. Vangazondiita...” Akati, “Mukurumbira wangu—wangu ungazokanganiswa.” Oo, hama!

¹²⁴ Handina mukurumbira. Ndiri kufunga nezvewaKe. Mukurumbira waKe, ndiwo Wacho.

¹²⁵ Asi honai kuti vanokwanisa kusvika pedyo zvakadii kwaChiri, munoziva, “Uye kutora Ropa resungano raakacheneswa naro, chinhu chakamuchenesa ndokumubvisa munyika, nekuedza kumuisa Umu. Uye obva aChitarisa, uye ova nezivo yaCho. KuChifuratira, hapachina chimweve chibayiro chezvivi,” Bhaibheri rakadaro, “asi kutarisira kunotyisa pakutongwa nekutsamwa kunopfuta nomoto kunofanira, kucha, kuchaparadza muvengi. ‘Nokuti kutsiva ndokwangu,’ ndizvo zvinotaura Jehovha. Uyo akazvidza murawo waMosesi, akafa asinganwirwe tsitsi, ari pasi pezvapupu 2 kana 3. Kurangwa kwakadini, nokurangwa kunorwadza zvikuru, kunyange kwakafanira, wemushumiri akatsika-tsika Ropa raJesu Kristu pasi petsoka dzake, mushure mokugamuchira ruzivo rweChokwadi, uye oChitora sechinhu chisina hutsvene.” Fiyuu!

¹²⁶ Munooona patiri? Jesu akati, “Chenjerai.” Munooona zvainge zviri Judhasi? Aiva pamwe navo chaipo. Akanga ari Esau, aitwa mukuru kuzera irori. Akanga ari munyengeri, mutevedzeri, aitwa mukuru kuzera irori. Heunoi achisvika, zvakare, kuva hama yaJesu, hama yekunyepedzera. Asi mumoyo make, aive nechechi yekare iri munyama nguva dzose, nekuti ndiko kwaakatengesa Jesu. Akatengesa Jesu, hudangwe hwake, sezvakangoita Esau achida ndiro yemuto. Akatengesa hudangwe hwake nemakobiri 30 esirivheri.

¹²⁷ Varume nevakadzi vazhinji nhasi vakatengesa hudangwe hwavo hwepamweya nekuda kwemukurumbira, chimwe chinhu chidiki chemunyika chausingambofa wakakunda; mamwe madzimai, madiki, vakapenda kumeso nekugera vhudzi, vakapfeka hembe pfupi; varume, nokuda kwetunyambo tudiki tune tsvina nekuputa midzanga, chimwe chinhu chemunyika. “Kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi mauri,” rakadaro Bhaibheri.

¹²⁸ Handidi kukurwadzisai, asi tasvika kumagumo. Tiri kuuya zvino, tiri kukwira pamanera nekukasika zvino.

¹²⁹ Munooona zvazviri? Vanozviita. Vakafanotemerwa. Vanogona kutevedzera uye vove vanotapira uye vakazvinipisa, vangori

pedyo, seMakristu, vari pedyo kwazvo zvekuti vanogona kunyengera Vasanangurwa chaivo; asi nezvibereko zvavo muchavaziva.

¹³⁰ Mudzimai akapfeka chikabudura, haana kumbobvira aratidzika seMukristu, kwandiri. Bhaibheri rakati, “Chivi uye chinhu chinonyadzisa kuti mukadzi agere bvudzi rake.” Angori mukadzi mumwe chete muBhaibheri akambopenda chiso chake, aiva Jezebheri.

¹³¹ Ko varume, imi varume munofanirwa kunge muri varume veChikristu, uye morega madzimai enyu achidaro? Apo, Mwari vachakupai mhosva pazviri! Hausi murume! Uri munyama! “Oo, ndichabuda zvino ndonojoinha chechi iyi.” [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti] “. . .unofunga nezvazvo.” Ndizvo chaizvo zvakataurwa neGwaro kuti vaizoita, uye ndizvo chaizvo zvavakaita. Uye ndizvo zvavachaita, kurerutsa!

¹³² Mumwe munhu akati, “Billy, kana ukasamisa izvozvo, uchadzingira munhu wese kure.”

¹³³ Pane Chinhu chimwe chisingaendi, Mweya Mutsvene, nokuti IShoko raVo. Uye mutendi chaiye akafanotemerwa haaendi, nokuti iRo ndiro Chikafu kumweya wake. AnoRida. Hapana chinogona kumudzivisa kubva kwaRiri. Anoita chero chii zvacho, saJakobho, asi anoda hudangwe ihwohwo. Achamira ipapo. Handina basa kana zvichimutorera shamwari yese yaainayo, kana zvichimutorera basa rake, kana zvichimutorera hunhengo hwake muchechi, kana zvichimutorera zvinhu zvese. Acharamba akabatirira pahuri, nokuti haana zvaanokwanisa kuita nezvazvo. Pane chimwe chinhu maari, chinomukonzera kudaro, pakadzika pachidana Pakadzika. Oo, hezvoka izvo, chimwe chinhu chiri maari!

¹³⁴ Tarisai, chero chii hacho chaunoda kuwana muBhaibheri, wochinhonga pano, dzokera kuna Genesi uone kwachakatangira, woona kwachakazosvika. Mweya yose nemafambiro nhasi zvinodzokera kuna Genesi. Ndizvo zvatakaita, kukuratidzai zvinhu izvi zvamuri kuona, shamwari. Usazvikanganwa izvozvo. Usazvirega zvichienda nepamusoro pemusoro wako. Ita kuti zvisinine mauri. Ndizvo zvinhu zvaMwari. Zvakasvika pamangange; uye Jesu akafanotaura kuti zvaizosvika pamangange zvakare mumazuva ekupedzisira, uye zvaizoitika nezvizvi: Chisimbiso chaMwari, nemunembo wechikara; masimba 2 emweya achishanda pamwe chete.

¹³⁵ Zvino, chero ani zvake anoziva kuti Chisimbiso chaMwari ndihwo hudangwe, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. VaEfeso 4:30, inoti, “Musachemedza Mweya Mutsvene waMwari, wamakasimbiswa nawo kusvika pazuva rerudzikinuro rwenyu.” Pavakazvarwa patsva, vakazadzwa neMweya Mutsvene. Mweya Mutsvene ndiwo Kuberekwa patsva, tinozviziva izvozvo. Waka—

wakaberekwa neMweya, ndinozvibvuma izvozvo. Asi kusvikira wazvarwa!

¹³⁶ Kune mwana anobatwa mimba muchizvaro chamai vake, ane imwe mhando yehupenyu. Hupenyu ihwohwo, uye zvidiki zvake...zvizenga zvidiki zviru mumutumbi wake zviru kumonyoroka nekupfanha-pfanha nekusvetuka saizvozvo. Asi kana azvarwa, anowana ka... [Hama Branham vanoombera maoko avo—Mupepeti] saizvozvo, zvino anobva akwetsura mhare, ova mweya unorarama.

¹³⁷ Zvino mucheche anogona kuenda kucheche noti, “Oo, ndinotenda mune zvecheche. Ndi—ndichaenda, ndichaita izvi. Uye ndiri akanaka...Ndinoda kuita zvakanaka, ndinoda kuita zvakanaka.” Asi chaanoda kambama keEvhangeri kuti kamumutse, kuti akwetsure mhare kuHupenyu Husingaperi; uye Mweya Mutsvene unozhamba maari, sezvaUsati wakambozhamba kumashure. Zvino anobva ava chisikwa chitsva, aberekwa neMweya. Obva atanga kukura, kufamba, uye otanga iye kurarama muna Mwari; munoono, sezvakangoita mucheche, mucheche wepanyama, anorarama ari munyika.

¹³⁸ Zvino kana tabhenakeri ino yepanyika ichiparadzwa, tine imwe yakatimirira, munoono. Sechokwadi chekuti mutumbi wepanyama wanga uchiuya, kune mutumbi wepamweya wokuugamuchira kana wabuda kubva kuna amai wawo. Uye kana wabuda kubva kuna amai, nyika, uyo unova, uri muchizvaro chawo zvino, uchigomera, uchichema, (O Mwari!), uchigomera, uchishanda nesimba, uchichembera, nehurwere, nezvose zvichihutambudza, nemweya uri mukati mawo uchitsvaga nyika iri mhiri kwerwizi. Uri kugomera, kumonyoroka, kusvetuka, (hongu, changamire) nekuti mune hupenyu huri imomo hunorarama nekusingaperi. Uri mumutumbi ufanira kufa. Uye dzimwe nguva, sokuburitsa kwakaita amai mwana wepanyama, uye mutumbi wemweya ukaugamuchira; nyika ichadonha, uye mutumbi wepanyama uchadonha, uye mutumbi unobatika...kana kuti mutumbi wekudenga uchautora kuenda mhiriko. Kana tabhenakeri ino yepanyika yaparadzwa, tine imwe yakatomirira. Ndicho chikonzero uchikanganwa zvinhu zvenyika. Zvakafa, kwauri. Hoyoka uyo Mweya.

Zvino itarisei tichiererera mberi zvino, mweya 2.

¹³⁹ Mweya Mutsvene ndiwo Kuberekwa kutsva, tinozviziva izvozvo. Kuzvarwa patsva, neMweya waMwari. Ndiko kuzvarwa kwaunoita, neMweya. Kuberekwa neMweya, ndiko Kuberekwa kutsva. Zvakanaka. Wakazvarwa neMweya; zvino kana wazvarwa neMweya, unozadzwa neMweya Mutsvene. Zvakanaka.

¹⁴⁰ Zvino kana 2 ava vari panyika, ari munyama newemweya, dzimwe nguva...Ndakaona izvi. Zvino mukuvhara, ndinoda

kusvika pakupedza zvino, nokutaura izvi kwemaminetsi mashoma. Munyama kana mumweya, chimwe chazvo... Zvino ndinovimba kuti munhu wese achabata izvi. Zvino nyatsonyararai uye muve neruremekedzo sezvamungakwanisa.

¹⁴¹ Zvino, makambozviona here izvi? Munooona mumachechi edu nhasi, kunyangwe mumapoka matakazvipatsanura uye tikaita masangano; uye takazviona zvese izvi. Uye makaona mumwe munhu achitora rimwe Gwaro, uye, hama, munhu iyeye anogona kutora Gwaro iroro oriita kuti rirarame patsva, oriita kuti rirarame chaizvo zvarakavimbisa muno muBhaibheri. Uye mumwe munhu anotovera anomuona achizviita, zvino anouya oedza kuzviita, okundikana. Ndinovimba muri kuzvibata zvino. Anokundikana. Sei? Rugwaro harwuna kufemerwa kwaari. Ari kungoedza kutevedzera. Ari kuedza kuita sechimwe chinhu. Akanga asiri... Zvino, pamwe akatumwa nemunhu. Zvichida mumwe munhu akati, “Asika, iwe unogona kuita zvimwe chetezvo.” Munooona, sekungotaura kwakaita Jesu kuti zvichava nenzira iyi. Bhaibheri rinofanozvitaure mumazuva ekupedzisira, “SaJane naJambure vakapikisa Mosesi.”

¹⁴² Hapo pakamira Mosesi, uye hapo pakamira Jambure. Mosesi akakandira tsvimbo yake pasi, uye ikava nyoka. “Handiti,” Farao akati, “huya pano, Jambure, unogona kuita zvimwe chetezvo.” Uye akaita, munooona. Asi chii chakaitika? Zvino tsvimbo yaMosesi yakadya tsvimbo yake. Munooona, zvakaraidzwa pachena. Tsvimbo yake yaivepi?

¹⁴³ Sezvakangoita maonero epamweya. Zvakafanana nezvimwe zvemweya-mweya izvi. Zvakafanana nemamwe emachechi aya anotenda zvenyama, akadzika mazviri. Zvinhu zve... Vanoti, “Handiti, zvakanga zviriri zverimwe zuva.” Vakabuda zvachose. Asi tarisai mweya uyu mumazuva ekupepedzisira uchizotevedzera Mweya wechokwadi. Maona? Ndiko kuri kuuyira dambudziko rako. Wakangofanana chaizvo naiwo wechokwadi, munooona; asi haana kukwanisa kuuita kuti uratidze, haana kukwanisa kuuita kuti usimbe, akatadza kuuita kuti ugare. O Mwari!

¹⁴⁴ Vanhu vanouya vachiti, “Ndine Mweya Mutsvenewo, zvakare.” Tarisai mararamiro avanoita; hazvigare kwenguva kubva kune rumwe rumutsiro kuenda kune rumwe, kubva pane mumwe musangano kuenda kune mumwe. Zvinoratidza kuti, havana iWo. Kana murume akazvarwa neMweya waMwari, kana mudzimai, vane zvibereko zeMweya. Vanofamba zvine humwari. Vanorarama hupenyu ihwohwo. Maona? Vanogarira kure nezvinhu zvenyika. Mwari vanofamba mavari voZviratidza, uye voratidza kuti ndiVo Mwari vari kushanda imomo. Mumwe wacho ari kutevedzera. Maona?

¹⁴⁵ Kutevedzera, ndizvo zvazvagara zviriri nzira yose zvichidzika, kutevedzera. Tarisai Ishmaeri, naIsaka; navose zvichidzika, munooona, vachitevedzera. Tarisai muporofita Mosesi, uye tarirai

muporofita Bharami. Maona? Onai kuti vanouya sei zasi! Tarisai Judhasi, uye tarisai Jesu.

¹⁴⁶ Uye Jesu anofanotaura kuti Mweya Mutsvene uyu, mumazuva ekupedzisira, uchava Chisimbiso chaMwari. Zvino, chii chinozova munembo wechikara? Kunenge kuri kuramba Chisimbiso chaMwari. Nokuti, vose vakanga vasina Chisimbiso chaMwari vaiva nemunembo wechikara. Uye kana zviri zviratidzo 2 zvemweya, chimwe chazvo chichava chiratidzo chechokwadi chaMwari, chimwe chacho chinenge chiri chekutsauka. Muri kuzviona here?

¹⁴⁷ Tarisai chiratidzo chiri muTestamende Yekare. Hwamanda payairira, jubheri, pamakore akati kuti, nha—nhapwa dzaisunungurwa nokuti hwamanda yairira. Zvino, munhu wese aida kusununguka, aigona kuenda hake. Asi vamwe vavo, vaida kuva nhapwa, saka vaivaendesa kuartari nepambiru yechechi, vobvowora nzeve yavo nemuururo. Zvino vaiiswa muchiso nekusingaperi, vochishandira atenzi ivavo nguva dzose.

¹⁴⁸ Uye nhasi unonzwa mharidzo yeEvhangeri pamusoro peZvokwadi, “Zvino unogona kusunungurwa kana uchida,” Mwari vanotaura newe. Asi kana wasvika pamuganhu apa wotarisa mhiri, uye wova neruzivo rweChokwadi, zvino wobva wafuraira uchienda, anokubvowora munzeve uye uchagara uri mutendi anoshandisa njere. Uchaita zvekunamata uye uchienda kuchechi, asi usingambogamuchire Mweya Mutsvene. Munoono, zvino uchashumira izvozvo kwehupenyu hwako hwose. Zvino, munembo wechikara, kana Chisimbiso chaMwari. Zvino tava kuswadera pedyo kwazvo.

¹⁴⁹ Zvino, tarisai, Shoko rinofanira kuva rakafemerwa: kuRinzwa, kuRicherechedza, nekuita zviri maRiri. Vanhu vazhinji vachanzwa, asi vorega kuRicherechedza.

Mwari vachati, “Ino ndiyo yacho nguva yako.”

¹⁵⁰ “Handingava muumburuki mutsvene. Ini—ini handidi chimwe chaiZvozvo.” Munoono, havaRicherechedze.

¹⁵¹ Tinoenda kumisangano, Mweya Mutsvene mukuru unodzika. Ndainge ndigere uko rimwe zuva, pakauya chiratidzo chikafanotaura chaizvo nemo-nemo. Ndikati, “Hepanoi mujaya wechidiki achiuya.” “Huya pano,” ndokunongedzera kuna hweta iyeye, “une dambudziko remoyo uye uri kutsvaga . . .”

“Ehee. Ndizvozvo chaizvo.”

¹⁵² “Munoono mudzimai uyo ari kuuya apo?” “Huyai pano. Mune bundu pazamu, uye riri pazamu rekuruboshwe, uye muri muchimiro chakashata zvikuru. Uye muri mutadzi uye hamuna . . .”

“Ndizvozvo chaizvo.”

153 Varume vaya vaive vagere ipapo, vakatarisa-tarisa, vaparidzi navose, vakati, “uh-huh!” Woenda kumusangano, wotarisa Mweya Mutsvene uchifamba nemumusangano wotaura zvakavanzika zvemoyo, zvinhu zvakadaro. Woti, “Zvinoshamisa. Ndinofunga kudaro. Ehee.” Maona? Oo, hama! Maona? Zviri—zviri—zviri kune rimwe divi, pane chimwe chinhu chakaitika. Vakadzi vanoramba vachienderera mberi, vachiita chinhu chimwe chete. Varume vanodzokera chaizvo, senguruve kumatope ayo neimbwa kumarutsi ayo, zvimwe chetezvo. Hamuone here? Zvino ndiri kutaura kune- . . . izvo . . .

154 Munoono, unofanira kucherechedza zvino, shamwari, kuti uri muchinhano chakadii. Ndicho chikonzero tepi ino, ndati, “Kuchechi bedzi.” Maona? “Chechi bedzi.” Kana wakadanwa kubva kuchiedza . . . kubva murima kuenda kuChiedza, kubva murufu kuenda kuHupenyu; kubva pamaonero etsika, ekushandisa pfungwa aKristu, uchienda kuchiitiko chekuzvarwa patsva; uye uchitarisa hupenyu hwako, kuti hunoisa zvinhu zvenyika parutivi, zvino unomiririra Kristu, zvisinei; zvino pane chakaitika. Maona? Pane chimwe chinhu chiri mauri, chine nzara uye chiri kufamba, sezvaive zvakaita Jakobho. Munoono, unoita mutsimba naShe, unofamba zvakasiyana mushure maizvozvo. Chimwe chinhu chasiyana mauri, washanduka.

155 Zvino, chadaro, zvisati zvaitwa, zvinofanira kufemerwa kwauri. Handina basa nazvo, ndinogona kumira pano ndichiparidza kusvika ndawana . . . bvudzi randinaro rakasara radonha, kusvikira mafudzi angu akombama uye ndava nemakore 90 okuberekwa, uye muchiteerera zuva rimwe nerimwe; kusvikira Mwari vazviita zvipenyu mauri, unenge uchiri muchimiro chimwe chetecho.

156 Mazuva maviri ndanga ndichinzvera nekunamata pamusoro peizvi. Maona? Ndikati, “Ishe, ndozviture here izvi kuchechi?”

157 Chimwe chinhu chikati, “Zviture. Nguva yave pedyo. Zviture.” Ndiri kunzwa kuti Vachandibvisa panzvimbo nenguva isipi, saka ndi—ndinoda kuti muzvize.

158 “Hapana munhu angauya kwaNdiri,” Jesu akadaro, “kunze kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga. Oo, Ndinoziva kuti munoti muna Mwari naAbrahama, sababa venyu; asi Ndinokuudzai izvi, muri uyu . . . baba venyu dhiyabhore,” akadaro Jesu. Varume vanonamata, vaprista, uye varume vakuru, “Muri vadhiyabhore, baba venyu.” Maona? Cherechedzai, zvibereko zveMweya.

159 Zvino, munoono, zvinofanira kumutswa kwauri.

160 Handingagona kufungidzira Nowa achiti, “Munombozivei? Pamwe kungazongonaya rimwe zuva, saka ndichangoenda kunze uye ndonozvivakira areka hangu. Kana kukanaya, zvakana, ndichapinda muareka ndopfuurira zvangu

pakarepo. Uye hapana chichandinetsa, nekuti ndichapinda muareka ndobva ndaenda hangu.” Ungafungidzira here? Kwete. Kwete. Zvakanga zvisiri izvo. Dai zvanga zvakadaro... Oo, dai Vasanangurwa vakazvinzwa zvino. Dai zvanga zviriro izvo, museki wekutanga aiuya, sezvakataura Bhaibheri kuti vaiveko, omuseka, angadai akaisa sando yake pasi obva atoenda.

¹⁶¹ Sezvinoita vanhu nhasi, vanotanga kuenda naJesu; zvino pavanotarisa voona Chokwadi, vanobva vafuratira vachibva kwaChiri. Havagoni kuChigamuchira.

¹⁶² Sekutaura kwakaita muvhangeri uya ane mukurumbira, “Zvinozo—zvinozoparadza shumiro yangu.” Handina basa neshumiro ingaparadzwe neMweya Mutsvene. Inofanira kuparadzwa. Zvino, asi, munoona, kuzvitutumadza, kuva munhu zvakanyanya, humunhu hwakawandisa. Oo, kucherchedzai mune izvi zvino.

¹⁶³ Nowa akanga ari kunze kumunda, zvino akanzwa, uye akacherechedza, ndokuita. Hazvinei kuti vaseki vangani vakauya, iye akaramba achivaka.

“Nowa, uri muumburuki mutsvene iwe.”

¹⁶⁴ “Hazvitombandinetsa nepadiki pose.” Achitovaka zvake! Akanga anzwa. Akanga acherechedza kuti ndiMwari, akazvienzanisa neMagwaro, uye zvaiva saizvozvo. Akaenderera mberi nokuvaka areka, zvisinei.

¹⁶⁵ Mungafungidzira here, mungambofungidzira here izvi, kuti Mosesi, parwendo rwake rwokuenda kuEgipita, akabuda rimwe zuva ndokuti kuna Zipora, mudzimai wake, “Zipora, unozivei? Ndakakwenenzvera girama yangu. Ndave netumwe tusvomho twangu twose twakagadziriswa, nedzimwe geometry dzangu uye, oo, zvimwe zvinhu zvakawanda, nedzidzo yangu. Kubva zvandafudza makwai seri kuno, nda—nda—ndanatsurudza pane zvimwe zvacho. Ndakakanganisa ndiri zasi kuEgipita. Ndongunga rega ndidzikeko ndonozvigadzirisa. Ndongunga rega ndidzikeko”? Kwete, fungu rekutanga raizouya richipikisana naye, angadai akadonhera ipapo chaipo.

¹⁶⁶ Akaitei? Akakanganwa zvese zvaaziva nezvegeometry uye nezvenjere dzake. Ndidzo dzacho dzakamupinza mudambudziko.

¹⁶⁷ Ndzivo zvapinza chechi mudambudziko nhasi, vaparidzi vakawandisa vakafunda vasina kuzvarwa neMweya. Varume nevakadzi vanofarira kuteerera mashoko enjere, panzvimbo yekuparidza simba nerumuko rwaJesu Kristu. Ndzivo zvatipinza mudambudziko nhasi. Hatichada zvakare zvikoro zvekusekondari nedzidzo yevaparidzi. Tinoda varume vakadanwa naMwari vakazadzwa neMweya Mutsvene, uye kwete imwe dzidziso yebhaibheri yakagadzirwa nevanhu yerimwe sangano. Tinoda varume vakadanwa naMwari.

¹⁶⁸ Mosesi akanga achifudza makwai, agere zvakanaka ndokukanganwa. Akaziva kuti njere dzake dzakanga dzakundikana. Akaziva kuti dzidzo yake yakamurasisa. Aifudza makwai, asi akanzwa, oo, “Bvisa shangu dzako, Mosesi, nzvimbo yaumire pairi itsvene.” Akateerera kwariri. Chaiva chii? Inzwi rakataurwa neNgirozi raiva reMagwaro. Vakanga vavimbisa Abrahamu, baba vake, “Ndichashanyira vanhu mushure mekunge vagara zasi kuno kwemakore 400, uye Ndichavabuditsa neruoko rwune simba.” Akacherechedza kuti rakanga riri Gwaro raMwari rainge richiratidzwa.

¹⁶⁹ Regai ndimbomira zvishoma. Regai izvi zvidzike. Muri kuona here zvandiri kutaura nezvazvo nhasi? Shoko raMwari riri kuratidzwa pamberi penyura chaipo, asi hamusi kuzvicherechedza. Fungai zvino nezveSodhoma neGomora; fungai nezvevimbiso yaKristu yemazuva ekupedzisira.

¹⁷⁰ Mosesi akazvicherechedza; zvaiva muMagwaro, yaiva vimbiso. Akanzwa, akacherechedza. Chimwe chinhu chakapinda maari, hama, aigona kuenda kunozviita ipapo. Akaita. Aigona kuenda zasi onomisa Farao wese. Aigona kudaidza matenda paanenge achida. Aikwanisa kuzarura Gungwa Dzvuku, nokuti akanga anzwa, akanga acherechedza, akanga achiita iye panzvimbo yaMwari.

“Ndichava Mwari kwauri, iwe uve muporofita kwaNdiri,” Vakadaro.

Zvino akati, “Handikwanise kuzviita.”

¹⁷¹ Vakati, “Saka, zvino, iwe chiva mwari, uye Aroni ngaave muporofita wako. Unofanira kuenda, zvakadaro.”

¹⁷² Haana kungoti, “Zvakanaka, pamwe ndinofanira kudzikako ndonogadzirisa zvinhu.”

¹⁷³ Mungafungidzira here Eria paGomo reKameri, akati, “Munoziva, nyika ino ine zvivi zvakanyanyisa, zvichida, pamwe ndinofanira kuenda ndonoudza Ahabhu kuti anofanira kuzvinyarira. Zvichida ndinofanira kukwira mugomo iroro ndonogara, uye ndongotsanya kwenguva refu kwazvo, kusvikira vanhu ivavo vanyatsoneta nokundiona ndiri kumusoro ikoko ndichiziya nenzara?” Kwete. Kwete. Zvakanga zvisiri izvo.

¹⁷⁴ Asi akanzwa, uye akacherechedza, uye akaita. “Ndakarayira makunguwo kuti akupe zvokudya. Enda ikoko, kuKeriti.”

¹⁷⁵ Nguva yemangange payakasvika pakati paBhaari naMwari, akati, “Endai, munotoro zvibayiro zvenyu, muzviitire zvose zvamunoda, mugodana pana mwari wenyu.” Pavakazvicheka- cheka, uye vari munyama kwazvo, ndokusvetuka-svetuka, vakaita ruzha rukuru, akati, “Wedzerai zvishoma kudanidzira, zvichida aenda, achitevera kune imwe nzvimbo. Pamwe akarara.” Oo, hama!

176 “Zvinoka, munoziva chii?” Akati, “Ndiri mutendi muna Jehovha, saka ndinogona kuita izvi, zvakadaro.” Oo, kwete, usatevedzera izvozvo. Kwete. Usaedze kuva Eria kusvikira Mwari vakudana kuti uve. Hongu, changamire. “Ndiri muranda waJehovha.” Kune 700 vavo zasi uko, zvakare, asi hapana kana mumwe wavo akashinga kuzviita.

177 Zvino paakapedza kucheka nzombe ndokudira mvura ipapo, akati, “Ishe, ndaita izvi pakuraira kweNyu.” Onai... Dai chero ani zvake ainge akaedza, kungadai kwakava kukundikana chaiko.

178 Zvinofanira kufemerwa kwauri! Mweya Mutsvene unofanira kuzviunza uye wozviratidza kwauri.

179 Ndiro dambudziko ririko nhasi. Haugone kuuya, kuartari, woti, “Zvino, Hareruya, Hareruya. Ishe, ndinoda Mweya Mutsvene. Hareruya, Hareruya.” Kwete.

180 Asi, hama, hanzvadzi, kana Mweya Mutsvene wafemera Shoko iroro kwauri, uchaUwana usati wabva pachigaro chako. Chimwe chinhu mauri chabvira. Muparidzi haazodi kuti akuudze kuti ita *izvi* uye uite *izvo*. Mashizha ekare anongodonha, uye mashizha matsva ouya. Zvakafemerwa kwauri. Hauzogumbukira muparidzi kana achiparidza Chokwadi kubva muBhaibheri. UnoChida, unoChitora. Chitori Chikafu kumweya wako.

181 Kunyange Jesu, pachaKe, Akati, “Handiite zvaNdinoda kuita, pachaNgu. Mwanakomana haagoni kuita chinhu kunze kwezvaAnoona Baba vachiita.” Mashoko... Akanga ari Emanueri, pachaKe. Akanga ari Mwari panyika; Jesu akange ari. Aive nyama yaigara Mwari. Akanga ari tende raigara Mwari mariri. Amen. Asi mune zvose izvozvo, Mwanakomana waMwari akaberekwa nemhandara, Emanueri muhuzaro hweMweya, Akanga ane Mweya zvisina chiyero. Asi, zvakadaro, munyama yaKe pachaKe, Akati, “Hapana chaNdinoita kusvikira Baba vaNdiratidza kutanga.” Zvakafemerwa kwaAri, kuti azviite!

182 Satani akati, “Shandura matombo aya ave chingwa, uye ita chishamiso. NgandiKuone uchizviita.”

183 Akati, “Zvakanyorwa zvichinzi, ‘Munhu haangarami nechingwa chete.’” Oo, ini zvangu! Asi mhomho yevanhu payakava nenzara, Akanhonga mabhisikiti 5 nehove 2 duku, ndokupa 5,000 chikafu. Oo, Hareruya! Munoono zvandiri kureva?

184 Usaedze kutevedzera. Ndiro dambudziko nePentekosti nhasi. Ndiro dambudziko nechechi nhasi, kune vakawanda vari kuyedza kutevedzera kuti vane Mweya Mutsvene. Kune vakawanda vari kuyedza kutevedzera kupodza kwaMwari. Kune vakawanda vari kuyedza kutevedzera zvinhu zvakasiyana zvaShe. Haugone kuita izvozvo. Zvinhu izvozvo zvinouya

nekusanangurwa, Mwari vachidana, unobuditswa kubva mudumbu raamai unazvo. “Zvipo nekudanwa hazvinei nekutendeuka.” Oo, ini zvangu! Ichokwadi. Haugone kuzviita chimwe chinhu chausiri.

¹⁸⁵ Asi kana Mwari vakakudana, iva munhu anotenda zvikurusa munyika nokuti Vakakudana. Zvino zvinova mazvirokwazvo kwauri.

¹⁸⁶ Sekutaura kwandingaita, dai ndaiva nenguva, pamusoro petsindi rimwe zuva, zvakaite sekunditendeudza. Handina kumbobvira ndakazviona kumashure, uye handaikwanisa kuzviita. Hattie, agere kumashure uko akanditarisa. Ko izvozvo zvakamboitika sei? Hazvaigona kunge zvakazviita, asi zvakafemerwa, nekupihwa hupenyu. Shoko rakataurwa uye zvikaitewa saizvozvo. Hareruya!

¹⁸⁷ Pauro, ungamufungidzire here achiti, “Ndava mugungwa rino kwemazuva 14 nehushu, uye pasina nyeredzi kana mwedzi, kana zuva kana chimwe chinhu. Ndonga ndichakwirako ndonovaudza kuti, ‘Ivai nehushu, nekuti Mwari vachatichengeta, zvisinei?’” Oo, Mwari havashande saizvozvo. Mwari havaite izvozvo.

¹⁸⁸ Kutenda kwako kwakanaka, hama. Kutenda kwako kwakanakisa. Asi kusvikira chinhu chacho chafemerwa kwauri!

¹⁸⁹ Oo, heuno mwenje mutsvuku wakaremba apo, uye kana ndikaona . . . Ndoti, “Zvino, ndakatsika mafuta. Ndine motokari. Ndinogona kudarika nemuchiedza icho, ndichimhanya mamaira 120 paawa.” Ichokwadi. “Ndinogona kunzwa simba racho riri pasi petsoka dzangu.” Asi itomirira hako chiratidzo chekuti “enda.” Hareruya!

¹⁹⁰ Muri kunzwisisa zvandiri kureva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Kana chiratidzo chekuti *enda* chauya, zvakaranga. Kana chinhu chacho chafemerwa kwauri, uye Mwari vohizivisa sezvaVakaita kumashure uko, zvakaranga. Asi kusvikira Vazviita, tine boka ranaJudhasi vari kutevedzera, tingati vachifamba, vachiti, “Asika, ndakangofanana nezvavari. Ndiri Mukristuwo, zvakare.”

¹⁹¹ Oo, hamurangeriri here? Vanakomana vaSkevha, vakabuda vakati, “Tinokuraira, kukuraira muZita raJesu anoparidzwa naPauro. Buda!”

Rikati, “Pauro ndinomuziva, naJesu ndinomuziva, asi imi ndimi vanaani?”

¹⁹² Nguva iri kuuya apo chakanaka nechakaipa zvinoiswa pachena. Zvinoonekwa muMakristu nhasi. Zvinoonekwa mumachechi nhasi. Zvinoonekwa muvanhu nhasi. Ndakugarisai kwenguva refu; ndinoda kuti izvi zvisvike kwamuri.

¹⁹³ Pauro haana kumboti, “Ndinotenda kuti ndichangokwirako ndonoti, ‘Zvino, tsungai henyu moyo.’” Kwete.

194 Akaitei? Akanzwa Ngirozi. Akaziva kuti yaiva Ngirozi imwe cheteyo yaigara ichitaura naye. Akacherechedza, akabva aita. Akaendako ndokunoti, “Tsongai henyu moyo. Nokuti Ngirozi yaShe, yandiri muranda waYo, yakamira neni husiku hwapfuura, ichindipa chiratidzo chokuti hapana chicharasika, chiri mungarava ino. Tsungai henyu moyo. Endai munodya chikafu chenyu zvino. Zvese zvakaringana.” Ameni. Kana zvafermerwa kwauri, kana Mwari vanozvigadzirisa!

195 Ndine chimwe chirevo pano pane imwe nzvimbo, chandanga ndakanyora pasi. Hechinoi ichi ipo pano apa. Uh-huh. Tiri pamagumo ezvinhu zvese. Regai ndingounza izvi sezvizvi zvino, mukuvhara. Ndinovimba kuti Mwari vazarura chimwe chinhu kwamuri. Honai. Zvinhu zvese zviri pamagumo. Mumwe munhu akabvunza humwe husiku, ndinotenda kuti ndiHama Fred Sothmann, taibvunza kuti nguva yemagumo yaswedera pedyo kwazvo.

196 Hama Demos Shakarian vakanga vaona chiratidzo chiya chichiratidzwa, uye chikazoitika mazuva 5 akatevera, nemo-nemo, zvakangoita sezvichavabvisa shangu dzavo. Vakandifonera. Vakati, “Joseph akadii?”

Ndikati, “Ari raiti.”

Vakati, “Anoona zviratidzo here?”

197 Ndikati, “Ehe. Akandiudza nezvaDavid, mwanakomana waHama Wood, paakadonha pamudhudhudhu, mazuva 3 kana 4 zvisati zvaitika, chaizvo-chaizvo.”

Vakati, “Munoziva, zvinhu izvozvo zvinotevedza mhuri.”

198 Ndikati, “Chakarurama kana chakaipa, zvinodaro, chimwe chazvo. Zvinotevedza mhuri.”

199 Uye takanga tichitaura zvishoma, uye ivo, Fred akati kwandiri, “Izvi zvinotorwa kubva papi, Hama Branham?”

200 Ndikati, “Hona, Fred, ngatizvitorei pamasikirwo. Mwari vanoshanda muzvisikwa zvaVo. Hona, tarisa zvakaitika. Zuva rakabuda Kumabvazuva. Ndiyo budiro yehungwaru yekaresa yatinayo, iChina.” Tese tinozviziva izvozvo.

201 Budiro yehungwaru yekaresa yatinayo iChina. Zvakanaka. Uye budiro yehungwaru yakafamba ichienda kumadokero nguva yose iyi. Uye zvino ndekupi kwaungabva kana ukabva kuMahombekombe eKumadokero, uchingoenda wakarurama mhiri? Unoenda kuChina. Ndizvozvo chaizvo. Tava kumagumo. Bhaibheri rakati, muporofita akati, “Pachava nezuva pakunenge kusiri husiku kana masikati, zuva parinenge richipfuura, asi munguva yemanheru,” risati raperera neche kuno, “zvakare kuchava neChiedza, zvimwe chete.” Jesu akati, “Kuchava nemvura inonaya yekutanga nemvura inonaya yekupedzisira. Uye mvura yekupedzisira ichaunza dziri

mbiri mvura yekutanga neyekupedzisira, mumwaka mumwe chetewo.” Tave panguva yekupedzisira.

²⁰² Honai pano apa, regai ndikuratidzei. Zvematongerwo enyika zvave kumagumo. Munozvitenda here? Ndiratidzei chimwe chinhu nhasi. . .

Nyika ino ndiyo yakaipisira pasi rose, nokuda kwehuori, kushaya humwari. Ndiani akaverenga bepa reCourier Journal humwe husiku, muLouisville, apo madzimai ese aya, vachisarudza, nyika imwe neimwe, mudzimai akanakisisa munyika, uye vovamisa kuti vave Miss Universe? Dzose hadzo dzakazviita kunze kweRussia. Zvino vakatumira kuna Khrushchev ndokumubvunza kuti, “Sei asina kudaro?” Akati, “Russia haikatanure madzimai ayo nhumbi, kuti vagofamba pamberi pevarume.” Nyika yevahedheni, isina humwari ichiunza kuzvidzwa patiri isu tinozvidana kuti Makristu, akati, “Russia haikatanure madzimai ayo nhumbi, kuti vabude vachifamba saizvozvo. Uye haumbooni zvikabudura kana zvinhu zvakadaro muRussia.” Ndivoka vasina humwari. Uye isu tinozvidana kuti “Makristu!”

²⁰³ Ndosaka Bhaibheri rakati, “Tafura yese yazara nemarutsi. Uye ndiani waNdingadzidzisa Dzidziso, uye ndiani akarumurwa kubva pazamu? Asi chirevo chichauya pamusoro pechirevo, nemutsara pamusoro pemutsara. Nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava. Zvino iri ndiro Zororo racho. Pane zvose izvi, ivo vakaramba kunzwa.” Takava nemaonero edu enjere. Oo, zvingava zvakana kana sei kugara zuva rose paZviri.

²⁰⁴ Zvematongerwo enyika, zvaora! Ma Democrats, ma Republican, nezvese, zvave pasi chaipo. Chii ichochi? Matutu ekuita mari nehuori. Munhu wese anoshanda mazviri, asina kuzvarwa patsva, ndewadhiyabhore. Dhiyabhore akati, “Humambo hwose huri panyika ndehwangu,” uye Jesu haana kumboita nharo naye. Nyika inotongwa nadhiyabhore. Uye munhu wose anoshandira hurumende, kana asiri Mukristu, ndewadhiyabhore uye achishandira dhiyabhore. Nyika dzose idzi dzichava dzaJesu Kristu paAchauya, pachava neMireniyamu.

²⁰⁵ Tarisai pano nhasi, zvavari kuita zvino. Vachindipopotera pamusoro pekushandisa mari kunze uko kuMakristu, uye vachida kundipa makore 20 mujeri renyika, nokuda kwekushandisa mari kuti ndiite bato rezvekunamata. Asi hwiski nedoro nefodya vanobhadhara makumi emamiriyoni emadhora pagore, kuti zvisvibise nyika. Uye ini ndichiedza kuparidza kururama, ndakamira pamusuwo waJesu Kristu, uye voda kundiendesa kujeri nokuda kwazvo. Uye votora zvinhu zvakadaro zvehuipi, zvakadereresa, zvehungwaru, zvehuchenjeri, uye vozvibhadharira zvirongwa zveterevhizheni

izvo zvakawodza nyika, zvikaita kuti vakadzi vaite zvehumbwa. Chimwe chezvituko zvikurusa zvakambova nyenika ino, uye vanobudirira pazviri. Vanondiendesa kujeri nekuda kwekuparidza Evhangeri, ndichitora mari shoma kunze uku kuti—kuti ndinoparidza Evhangeri, yandakapihwa nevanhu kuti ndiparidze Evhangeri nayo. Handina kupfuma uye handikwanise kuibhadhara iyoyo. Asi zvakadaro vanoda kundienesa kujeri, vondichengeta makore 2, uye ndine nyaya mudare munguva pfupi iri kutevera. Oo, kuderera kwakadini, itsvina chaiyo! Mwari, ivaiwo netsitsi.

²⁰⁶ Ndichataura chinhu chimwe chete ichi, pamwe ndiyo nzira Mwari vanayo Vasati vatumira bhomba reatomiki. Unofanira kuita chimwe chinhu chakaipa, unoziva. Unofanira kubata muzodziwa waVo imwe nguva, nokuti Gwaro rimwe chete iri, zvichida... “Musabata Vasanangurwa vaNgu.” Ndizvozvo. Saka kana zvichifanira kutora izvozvo kuti zviunze kutongwa, sezvazvakaita mumazuva aDhanieri kana kune imwe nzvimbo, ngakuuye. Ndiri muranda weNyu, Ishe. Ndizvozvo. Oo, hongu.

²⁰⁷ Zvematongerwo enyika, zvadereresha! Nyika, yawora! Manje, honai pazviri! Vari kuzopfekedza masoja zvikabudura zvino. Oo, ini zvangu! Zvematongerwo enyika, hondo! Zvematongerwo enyika zvave kumagumo. Vadzvanyiriri vakaipa. Zvematongerwo enyika zvakaipa. Sei vasina kugara namambo ane humwari sewavakapihwa naMwari, Dhavhidhi? Ishe mukuru weEngland akati, apo paka—apo pakavambwa zvegutsaruzhinji ino, akati, “Zvichakanaka zvino, asi nguva ichasvika,” akati, “hazvizove chinhu. Hakuna kure kwazvinosvika.” Uye akareva kwazvo. Akati, “Vezvematongerwo enyika vanomira pazvimabhokisi pakona yega-yega, mhando dzese dzezvinhu zvakaipa zvinowodza hurumende.” Uye murume iyeye aitura chaizvo. Ndizvo chaizvo zviri kuitika.

²⁰⁸ Mumwe murume anogona kuenda kunze uku, opfuura nekuno odhakwa, ogoparadza chero chose chaanoda; uye oenda zasi uko, anoziva munhu wose, saka hapana chinombotaurwa. Rega murombo, kana mumwe munhu asingazivikanwe, aedze kuzviita, zvino anoendeswa kujeri. Huwori, hwakadereresha, tsvina, zvikamu 40 kubva muzana vavo ingochani. Pafungei, Sodhoma neGomora zvakare! Heroka boka racho, rinofanirwa kunge richinamata.

²⁰⁹ Ini—ini handizive kuti chii chinotevera, kana Purezidhendi anotevera apinda? Mwari vakatipa murume mumwe akanaka ane humwari, Dwight Eisenhower wekare. Uye zvino ndino... Tarisai kuti chii chinotevera chinouya. Uye tinogona kuva nemutengesi nguva inotevera, zvechokwadi chaizvo. Asi kuri kuuya, “Farao asingazivi Josefa.” Rangarirai izvozvo. Ndichasvika kwazviri munguva pfupi. Zvematongerwo enyika zvaodzwa. Tinozviziva izvozvo.

²¹⁰ Hondo yasvika kumagumo ayo. Oo, vaipotserana matombo pane imwe nguva, vachirovana mumisoro nematemo ematombo, ndokubva vapfura vachishandisa uta nemiseve. Vakazova nepfuti, tevere zvigwagwagwa, kwozotiwo pfuti maeighty-eight muGermany, uye nepfuti hombe dzatiinadzo. Vakabva vakanda magirinedhi negasi rine muchetura. Asi vane bhomba rehydrogen zvino. Hondo yava kumagumo. Nyika yese inawo, saka muchaita zvino? Kunyange nyika diki nhasi, kungobata chipfuriso, ndizvo zvoga zvavanofanira kuita, zvino yose yotoparara. Hondo yava kumagumo. Huh! Amen. Hondo yava kumagumo. Zvematongerwo enyika zvave kumagumo.

²¹¹ Dzidzo yave kumagumo. Misikanzwa yechidiki yave kumagumo. Vana, hapachina tariro kuvana, vave kutopenga kare. Haugone kuva nedzidzo. Haugone kuenda zasi kuno kuchikoro wowana, watora mwana ane dzidzo. Iye atori—atori mwana wegehena zvakapetwa kaviri paanobudako kupfuura zvaari paanopindako. Rega mudzidzisi ataure chimwe chinhu pamusoro pazvo, anourayiwa. Vanoita kachikwata kadiki keKlux voenda kunze ikoko vonopfura mudzidzisi wacho, vobuda naye vomusunga netambo. Takarasikirwa nevadzidzisi 2,000. Oo, imbomirai zvisihoma, ndinotenda kuti vaiva vadzidzisi 20,000, gore rino rapfuura. Handivape mhosva. Ini handingade kuzviitawo, kana neniwo. Zvino vane zvikwangwani nguva dzese, “Ipai dzidzo yekukoreji kuvana ava.” Vanoida, asi dhiyabhore akavabata. Dhiyabhore akavabata. Uye hazvingori zvemazuva ese chete zvekubuda nekuita hutsinye ne—ne—nekubvisa gedhi nekuriturika mumuti pahusiku hweHalloween, kana kakungova nehuipi sezvaisiitwa nepwere, kana kutora ngoro yemurimi voiisa mumugwagwa, kwete saizvozvo; asi vanotopenga. Vanoita zvinhu zvekupenga; kukupfura, kukuraya, kukuponda, kukuisira muchetura, chero chii zvacho. Ndicho chizvarwa chinotevera.

²¹² Kubereka vana kwave kumagumo, hudzimai, humai. Handiti, zvekudzivirira kubata pamuviri zviru kungoitwa kwese-kwese, uye tumbwa tudiki nditwo twatora nzvimbo.

²¹³ Hunhu, hapasisina hunhu kwazviru zvachose. Vakadzi, vachipfeka zvakaipa; zvinouya neterevhizheni, marudzi ose ekutevedzera vanhu vakaipa vekuHollywood, marudzi ose ezvinhu, mafashoni. Zvose zvasvika kumagumo!

²¹⁴ Dzidzo yave kumagumo. Zvematongerwo enyika zvave kumagumo. Hondo yava kumagumo. Budiro yehungwaru yasvika kumagumo. Zvinhu zvose izvozvo zvasvika kumagumo. Ini zvangu, toita sei zvino? Chii chinotevera? Tave kumagumo ezvinhu zvese.

²¹⁵ Zvino hupenyu hwechechi hwava kumagumo, chechi yemazuva ose, chechi. Zvino, izvi zvinogona kubaya zvisihoma, asi chechi iri munyama, chechi yaEsau, yasvika kumagumo

kwayo. Chii chairi kuita? Yakananga kumubatanidzwa wemachechi, uyo uchazopedzisira wabatana nechiRoma, kurwisa chiKatorike...kana kuti pamwe nechiKatorike kurwisa communism. Pope John ari kudaidzira kuti machechi ese adzoke, uye vachatodaro. Uye vachazvibatanidza pamwe chete, izvo chaizvo zvakataurwa neZVANZI NAJEHOVHA.

²¹⁶ Unoti, “Imbomirai zvishoma, Hama Branham. Muri kurasika gwara.” Kana ndiri kurasika, Mwari vakanyora Bhaibheri raVo rakatorasika gwara. Unofanira kuva Mikaya, panyaya iyi.

²¹⁷ Morris Cerullo akati kwandiri humwe husiku, akati, “Antikristu aripi, Hama Branham? MuJudha ndiye antikristuka.”

Ndikati, “Morris! Apa iwe, uri muJudha?”

Akati, “Ndivo vanhu vanovenga Mwari zvikurusa varipo.”

²¹⁸ Ndikati, “Morris, usadaro! Ndiudze muMagwaro apo antikristu akabuda kubva muJerusarema. Antikristu akabuda kubva muRome, kwete kubva muParestina.”

Akati, “Zvinoka, tarisai, ndiri... Ivo vanovenga Mwari.”

²¹⁹ “Hongu, Mwari havana here kuti Vakapofomadza maziso avo kuti tive nezuva rokuona? Asi zuva redu richapera nenguva isipi.”

²²⁰ Akati, “Oo, Hama Branham, handina kumbobvira ndakafunga izvozvo.” Munoono, hezvoka izvo.

²²¹ Munoono, tasvika kumagumo. Nyika iri nyama, chechi iri munyama yasvikako, kumagumo. Tarisai kunanga kwayakaita ichinopinda mumubatanidzwa wemachechi. United Brethren vakanopinda mavari. MaPentekosti vari mavari. Vamwe vese vakazviita sangano. Ndinokuonai zasi, maKenani iwayo, nzira yose kudzika nemumweya iyoyo yaEsau, vachinamata zvikuru, ndokuzvibatanidza pamwe nyenika; vasina kunzwisisa kwepamweya, vasingakwanise kukunda, vasina kusanangurwa naMwari, kuve vakadanwirwa kunze nekupatsanurwa.

²²² Oo, dai ndaigona kuita kuti zvizivikanwe, kana dai ndaingogona kuzvimanikidzira neimwe nzira! Havazvione. Vane maziso asi havaoni, nzeve asi havanzwe. Oo, sei tiine kupusa kwakanyanya paMweya? Zvino, inzwai izvi. Zvinhu zvese zvave kumagumo.

²²³ Uye Chechi yemweya yave kumagumo kwaYo. Yave kusvika kumagumo. O Mwari! Honai kumashure uko paYakatanga naLuther, yakazunguza, yepamweya. Zvino naWesley, yakasvika pakucheneswa. Kwozoti nePentekosti, Mweya Mutsvene. Uye zvino panguva yekupedzisira, Mweya waKristu saizvozvo muChechi, Uri kuita mabasa mamwe chete aAkaita, kudzokera chaiko kuMusoro waYo zvakare; zvakagadzirira kuti Chechi naKristu vabatane, neKuuya kwaShe Jesu, nekumuka

kwevakafa. Tave panguva yekupedzisira. Jesu akataura kudaro, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Munozvinzwisisa here?

224 Honai chechi iri munyama. Tarisai kwavari kuenda kwacho, kure nekure chaiko.

225 Honai Chechi yakazadzwa neMweya, ichizunza tumatakanana twaYo tudiki twese, ichiuya muMweya, (muhushoma, hongu), ichiuya muMweya, asi ichikwira panzvimbo yakadaro kusvikira Yasvika apo Mweya Mutsvene uri kufamba nemaIri, uchishanda nzira yaYo, yakagadzirira kugamuchira Ishe waYo, yakagadzirira kugamuchira Ishe waYo.

226 Uye vamwe vose vakaita sangano, vachidzokera munyika, vakapatsanurwa, vachidzokera mumubatanidzwa, vachinopinda mumubatanidzwa mumwe chete mukuru vari pasi peChikatorike. “Zvino kwakange kune mufananidzo wakaumbwa wechikara.” *Mufananidzo*, “chimwe chinhu chakaita sacho.” Mubatanidzwa wechechi wakaumbwa pamwe neKatorike, ava 2 vari pamwe chete, vanoshanda pamwe chete. “Ndianiko anogona kuita hondo nechikara kana mufananidzo wacho?” Zvirokwazvo hapana. Taigona zvakadini kupinda mazviri kwemaawa!

227 Zvino regai nditaure izvi kwamuri, uye zvakare ichava nguva yekuvhara. Ndiyo nda...ndakuudzai kuti yanga iri kuzitora nguva refu. Ndi—ndinongonzwa kunetseka chaizvo. Apo Mwari vakatotaura zvinhu izvi, vakati, “Vaudze. Zvitaure. Usacharamba wakanyarara. Zviratidze kwavari. Kana vakasaZvigamuchira, zvino ropa harisi mumaoko ako.” Nguva yasvika. Nguva, zvese zviru kusvika kumagumo.

228 Nyika iri pamagumo ayo. Haichagoni kumira zvachose. Hondo dzave kumagumo adzo. Hamuchagone kuve nehondo zvakare. Kana muine hondo, haizoitiki; wekutanga chete anodhonza chipfuriso, zvatopera. Zvematongerwo enyika, zvawora uye zvakasvibiswa.

229 Nyika yemachechi ndiyo Methodist, Baptisti, Presbyteriani, maPentekosti. “Inguruve kumatope adzo, imbwa kumarutsi adzo.” Ndizvozvo, imwe neimwe yadzo! Mwari vanodana, kubva mukuwora ikoko, Chechi yakasanangurwa. Ndizvozvo chaizvo. Esau, vakati, “Isu ndisu chechi!” Handipokani nazvo. Jakobho aive baba vaEsau, zvakare, ndizvozvo, saka, asi—asi... Ndinoreva kuti, Isaka akanga ari baba vaEsau, uye Jakobho aiva munun’una wake, pamwe chete naye. Asi mumwe ndiye aida kutora hudangwe hwacho; mumwe wacho akahuvenga. Mumwe akanzwa, akacherechedza, ndokuita. Mumwe wacho akati, “Oo, chero bedzi ndichienda kuchechi uye ndichiita zvakanaka, zvinoita mutsauko wei?” Hezvoka izvo. Zvino mu... .

²³⁰ Ndinotaura izvi zvino, mukuvhara, chimwezve chitaurwa ichi. Chechi chaiyo ine zvakawanda zvokuraramira zvino. Oo, inofanira kuva nguva yokufara chaizvo kuChechi chaiyo, kuChechi yechokwadi, kuChechi yakasanangurwa, kana uchiziva mumoyo mako kuti wabva murufu uchienda kuHupenyu; kana ukazvitarisa woona, wotarisa hupenyu hwako woona kuti zvinhu zvese zvenyika zvapfuura, kuti wava chisikwa chitsva. Teererai zvino, mukuvhara, nepedyo. Unoziva kuti wakapfuura, hupenyu hwako hunozviratidza, “Muchavaziva nezvibereko zvavo.” Chinangwa chako chose ndiKristu. Uri kutarisira kuti Auye chero nguva. Unofamba muMweya. UnoMuda. UnoMuona achishanda kubudikidza nemauro. Hapana chaunoshuvira kuita, asi Anongozviita, pachaKe. Oo, inguva yakadini!

²³¹ Zvinondiyeuchidza nezve mumwe mupendi wemifananidzo akaenda kuRome, kunodzidzira kuita zvekupenda mifananidzo, mujaya wechidiki. Vakamucherechedza. Akanga akasiyana zvakananyana nevamwe vakomana nevasikana vekuAmerica, nezvinhu zvakaenda ikoko kuti vazove vapendi vemifananidzo, nevanobva kune dzimwewo nyika dzose. Mujaya wechidiki uyu ainge akasiyana zvaitooneka. Aiva muchinda akaisvonaka, zvino vakazvicherechedza. Vaiita mapati makuru kwazvo, uye voenda zasi ikoko uye, maitiro avo kuRome, vanongodhakwa zvekudhakwa zviye.

²³² Ndakanga ndiriko, pachangu, uye ndikavaona. Vobuda mumugwagwa, varume nevakadzi, vachingoenderera. Kunyangwe mumapaki, vachiita zvehupombwe mupaki chaimo, kunze chaiko pachena, vasina kana hany’n’a; Englandwo, zvakare, vamwe vese zvavo. Maona? Hazvina kana kusiyana nekuno. Zvimwe chetezvo nekuno, zvakangoda kuipa zvimwe chetezvo; chete, vanongozvivaridzira zvisvoma kuno, nekuda kwemapurisa nezvimwe. Zvino, asi zvakangoipa!

²³³ Zvino, muchinda wechidiki uyu, akazvichengeta kubva kwazviri zvose. Pavanoenda kumapati avo, aivarega vachienda, asi akanga achidzidzira kuva mupendi wemifananidzo. Saka, rimwe zuva muchengeti wenzvimbo wechikuru, aive Mukristu aive pamu—museum ipapo, nzvimbo inoratidzirwa zvhumbhumba, akati—akati, “Ngatimbofambai zvisvoma, mwanangu. Ngatimbofamba zvedu, ndinoda kutaura newe kwekanguva.”

Akati, “Zvakanakai.”

²³⁴ Saka vakaenda, ndokufamba vachikwidza chikomo, uye vose vari vaviri vakaisa maoko avo shure kwavo, vakafamba vachikwira chikomo. Zuva rakanga rava kudoka. Zvino saka mutana uyu akati kumupendi uyu wechidiki, akati, “Mwanangu, uri munhu wekuAmerica.”

Akati, “Ndiri.”

235 Akati, “Wakauya kuno kuti uite dzidzo yako mune zvehumhizha. Ndinofunga kuti uri kuvavarira kuita basa rehupenyu hwako semupendi wemifananidzo.”

Akati, “Ndiri kuronga kuita izvozo, changamire.”

Akati, “Ndinoona kuti uri Mukristu.”

Akati, “Ndiri Mukristu.”

236 Akati, “Zvakanaka, pane chinhu 1 chandinoda kukubvunza. Ndakabvunza vamwe vose ava. Vanoti ivo Makristuwo, zvakare.” Akati, “Chii chinokuita kuti unge wakasiyana kazvo? Chii chinokuita kuti usiyane nevamwe vakomana vese vekuAmerica, nevasikana vekuAmerica ava? Chii chinoita kuti uve nemusiyano wakanyanya kwazvo, asi imi mose muchiti muri ‘Mukristu?’”

Akati, “Changamire, muri kuona here kuri kunyura nezuva iro?”

Akati, “Hongu.”

237 Akati, “Mhiri kwenyanza iyi, mune rimwe dunhu muNew England, mune rimwe guta mudunhu iroro, uye mune imwe imba muguta iroro, mune mumwe musikana wandakavimbisa kuti ndaizorarama ndakatendeka kwaari.” Akati, “Ndizvo zvoga zviru mupfungwa dzangu, kuti ndiwane dzidzo yangu yekupenda mifananidzo ndodzokera kumusikana iyeye ari kurarama akatendeka kwandiri.” Akati, “Ndosaka ndichirarama zvandinoita.”

238 Oo, hama, hanzvadzi, unogona kushaya kuziva kuti sei tisina basa nezvavanotidaidza. Handina basa nezvavanotaura.

239 Ndainge ndakamira naFred rimwe zuva, zasi muSan Juan, Puerto Rico, ndaive ndakatarisa mhiri kwegungwa, ndokucherechedza, chitsuwa ichocho, hafu yemaira kunze, masaisai makuru iwayo achisimuka. Akati...Maflamingo achifamba mubindu, nezvimwe zvakadaro. Ndakati...Akati, “Hama Branham, izvi zvakafanana neKudenga.”

240 Ndakati, “Asi gungwa richange rakanyarara ikoko, hama.” Ndakati, “Mhiri kwegungwa uko, kune imwe nzvimbo inonzi Kudenga, kune Mumwe anonzi Jesu, Kudenga iri, zvokuti nerimwe zuva Akabvisa zvitadzo zvangu zvole. Uye ndakaMuvimbisa kuti ndaizorarama ndakatendeka kwaAri, ndaizoita zvinhu zvaAida kuti ndiite. Ndicho chikonzero ndisinganyare neVhangeri raKe, Isimba raMwari reruponeso.” Ndizvo zvinoita kuti Mukristu araramwe zvakasiyana. Akasiyana nekuti ane chimwe Chinhu chekuraramira akasiyana.

Ngatikotamisei misoro yedu kwechinguvana.

241 Shamwari yangu yakaodzwa moyo, mangwanani ano, une chimwe chinhu chakasiyana chekuraramira here, chimwe chinhu chekukubuditsa munyika, chimwe chinhu chinokosha kwauri kupfuura nyika yose, kuraramira Kristu? Kana usina

ichocho, wadii waChigamuchira zvino. Usangoenda kuchechei woti iwe, “Ndinoda kuva munhu akanaka.” Usadaro. Unoda kuva Mukristu. Iwe, kana paine chimwe chinhu chagara chiri mumoyo mako, chinokuudza, “Hauna kururama, asi ndinoda kuti uve wakarurama.” Wagara uchishuva kuva chimwe chinhu chausiri zvino, hauzivi here kuti ndiMwari vari kudana kwauri? Usachifuratira nemusana wako. “Nokuti kana wakambovhenekerwa uye ukava nemukana, uye ukauramba nguva yako yekupedzisira, hapachina chimwezve chibayiro chezvivi.” Usafamba nzira imwe naEsau.

²⁴² Huya naJakobho, zvisinei nekuti...zvisinei nekuti zvichakutorera chii. Kana zvichikutorera imba yako, kana zvichikutorera basa rako, kana zvichikutorera murume wako, zvichikutorera mudzimai wako, kana zvichikutorera vana vako, kana zvichikutorera chero chii hacho, wana hudangwe ihwohwo! Ndizvo zvine basa. Uye kana uchinzwa saizvozvo pamusoro pazvo, mangwanani ano, uye uchida kuva nehudangwe uhwu! Handikwanise kuhupa kwauri. Mwari vanokwanisa, uye ndiVo Vacho vari kutaura newe. Ungasimudza ruoko rwako here, woti, “Ndinamatireiwo, Hama Branham. Hudangwe ihwohwo, ndinohuda.” Mwari vakuropafadzei, kwese-kwese. “Hudangwe ihwohwo, ndinohuda.”

²⁴³ Baba vedu Vekudenga, ndinoKutendai, Mwari Vanoremekedzwa Zvikuru uye Vatsvene, nekuda kwerunako rweNyu rwose netsitsi dzenyu kvanakomana nevanasikana vevanhu. Uye tinocherechedza kuti tave panguva yekupedzisira, hapana chinogona kuenderera mberi zvachose. Takangomirira tiri munguva yakakweretwa; sezvazvaiva mumazuva aNowa, moyo murefu waMwari, apo areka yainge ichigadzirwa, apo mweya 8 bedzi yakaponeswa. Makati, “Ndizvo zvazvichavawo pakuuya kweMwanakomana wemunhu. Moyo murefu waMwari, vasingadi kuti ani zvake aparare, asi kuti vese vasvike pakutendeuka.”

²⁴⁴ Uye nhasi muchivakwa chino, mune varume nevakadzi vakasimudza maoko avo, vakomana nevasikana, vaduku nevakuru, vasimudza maoko avo, uye vachiti, “Pane Chimwe chinhu chiri kudhonza pandiri.” O Mwari, dai vakasaZviramba. Dai vakatengesa dzidzo yavo, dai vakatengesa zvose zvanazvo. Semurume akawana parera guru; rakanga riri parera rinokosha, guru, rakanga riri parera gurusa, zvino akatengesa maduku ake ose, kuti atenge parera iri rinokosha, guru. Dai vakatengesa zvose zvanazvo zvenyika, mangwanani ano, mukurumbira wavo wose wenyika.

²⁴⁵ Madzimai aya akagara pano, Ishe, vazhinji vavo vakanzwa Evhangeri ichiparidzwa kakawanda kwazvo, asi zvakadaro vachiri kungochakwaira munyika, nekuita senyika nekupfeka senyika, uye vachienda kumapati nezvinhu izvo nyika, vachiita zvinhu zvenyika uye vachiita senyika, uye nekushandisa zvinhu

zvenyika. O Mwari, dai vakanyara, mangwanani ano. Kana paine tariro mavari zvachose, Ishe, zvishandurei nhasi. Ino ngaive nguva yacho.

²⁴⁶ Uye nevarume ava vari pano, Ishe, O Mwari, vanzwireiwo tsitsi. Vazhinji vavo vachiri kufamba muzvinhu zvenyika, vachiri kushuva nekunakidzwa nezvinhu zvenyika, chivi, kuputa, kunwa, zvinwiwa zvepamafaro, tudoro parutivi, kana—kana chimwe chinhu chakadaro, kana kuti vanochiva, nekuturika pamadziro tumifananidzo tudiki, twemadzimai echidiki akapfeka zvinonyadzisa. Uye mitumbi iyoyo yavari kutarisa mumugwagwa, uye vanotopotsa vatsika vanhu vachivatarisa, vachizviti ivo Makristu.

Uye vachiziva kuti chimiro ichocho chemutumbi wemukadzi iyeye, zvichida mumaawa 24, unenge wave kuora uri muguva, tumbuyu nemakonye zvichitakanyika munhengo dzakaurungana nekuumbwa dzemutumbi wake; uye mweya wake uri mhiri uko mugehena radhiyabhore, nekuda kwemararamiro aakaita. Asi, zvakadaro, anofinyamisira mudenga miromo yake midiki, yakapendwa, opfipfidza nekukuseka.

²⁴⁷ Mwari, ivai netsitsi kuvanhu ava. O Ishe, musavarega vachirasika. Ndapota ivai netsitsi uye mutumire tsitsi. Ipai mumwe nomumwe wavo, Ishe. Ndimi mega Munogona kupa ropafadzo iri. Uye kana Makavadanira kuHupenyu Husingaperi, dai mwoyo yavo yazaruka; uye vasiya zvose parutivi mangwanani ano, uye zvakare vozvigamuchira. Zviiteiwo, Baba.

²⁴⁸ Uye zvino dai Mweya Mutsvene wauya mumusanganano uno, kune vanorwara nevanotambudzwa, uye dai vanhu vaona kuti Mharidzo ino yaparidzwa mangwanani ano, kuti Kuuya nezvose zvava pamagumo, uye kunyangwe Jesu ari kushanda muChechi yaKe. Ngazviitike iko zvino, Ishe, kuti Mutore vanhu ava mumaoko eNyu. Uye kana vachiona Mweya Mutsvene uchishanda, uchifamba pakati pevanhu, dai zvikasimbiswa, Mharidzo iyi yandaparidza, kuti tave panguva yekupedzisira. Zvino dai vakanzwa. Vatonzwa, uye dai vakacherechedza kuti Jesu mumwe chete iyeye, maitiro aAkazviita muzuva raKe, Ari pano achizviita nemuChechi yaKe muzuva rekupedzisira. Uye zvadaro dai vaita, nekupa hupenyu hwavo pamwe nemitumbi, nemunhu wemukati nemweya, kwaAri. Ndinovapa kwaMuri, Ishe, muZita raJesu.

²⁴⁹ Zvino, muchivakwa umo mune vanhu, ndatumira Billy mangwanani ano kuti azopa makadhi ekunamatirwa. Iye... [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

²⁵⁰ Muri kurwara here, nekuda chimwe chinhu? Kana Mwari vakazarura kwandiri, sezvaVakaita kumudzimai patsime, uye vondiudza dambudziko renyu, kana chimwe chinhu pamusoro

penyu, chamunoziva kuti handizive, zvingaite kuti muve nekutenda here kwekuti mutende muna Mwari? Zvingaita here kuti imi mose muve nekutenda? Ndiko here kekutanga kedu kusangana? [Hanzvadzi inoti, “Kwete.”—Mupepeti] Oo, makambondiona kumashure, asi ndiri mutorwa kwamuri. Ndizvo here? Zvakanaka, dai Ishe Mwari vakupai chikumbiro chenyu.

²⁵¹ Zvino, ichokwadi here, kana kuti kwete? Oo, ini zvangu! Danai chinamato chenyu chepfungwa. “Bhaari,” akati, “ari kupi?” Eria paGomo reKameri, akati, “Bhaari aripi? Kupi? Mumutseika.” Hauite zvekumutsa Jesu. Akamuka nguva dzese. Anogara aripo, anogara achirarama, anogara achikwanisa; mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Amen. Mwari vanoramba vari Mwari.

²⁵² Munotenda here kuti dambudziko remoyo wenyu richakusiyai uye muchapora? Hamusi vekuno. Dzokerai kuLexington monoudza vanhu zvinhu zvikuru zvamaitirwa naShe. Maona?

²⁵³ Zvinopfuura nepamusoro pemisoro yevanhu, vasingambozvibata. Chechi mhenyu inozvibata, nokukasika, uye yoziva kuti Hupo hweMweya Mutsvene huri pano.

²⁵⁴ Mumwe munhu kumashure uko vasimudza ruoko rwavo. Manga muri imi here, amai? Munotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza dambudziko renyu? Vekare. . .

²⁵⁵ Hama iri kumucheto uko, ndinotenda vataura, nguva shoma yapfuura, kuti. . . Munotenda here, hama? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Munotenda? Zvino dambudziko reganda iroro richakusiyai, muchaita zvakanaka. Munozvitenda here? Munozvigamuchira here sekuti mapodzwa? Simudzai ruoko rwenyu, munodaro. Maona? Uh-huh. Zvakanaka. Mutorwa kwandiri. Unozviziva, Pat.

²⁵⁶ Mumwe mudzimai akatarisa apo, ari kunamata, anditarisa, ati iye anga ari muyeni. Munotenda here kuti BP yakakwira ichakusiyai? Ndizvozvo, handizvo here? Simudzai ruoko rwenyu kana zviru izvo. Zvakanaka, ivai nekutenda muna Mwari.

Munoona zvandiri kureva?

²⁵⁷ Ko vamwe venyu imi vanondiziva? Une chimwe chinhu pamoyo wako. Simudza ruoko rwako. Vazhinji kwazvo venyu! Handikwanise kuzviita; Zvinotongofanira kuuya. Munoziva, kuti kutenda kwenyu.

²⁵⁸ Georgie Bruce, ndiri kumuona akagara apo. Unogara uchiedza kutsvaga chimwe chinhu uchiitira mumwe munhu, Georgie. Wakapodzwa, pane kenza. Hapana mubvunzo mupfungwa dzako. Zuva rawakauya kutabhenakeri ino uye ukabuda kunze kwemukova uyo, Mweya Mutsvene wakauya pamusoro pangu, ukakuudza ipapo chimwe

chiito chisingazivikanwe nemumwe munhu pasi rose kunze kwako naMwari nemumwe munhu. Ndizvo here? Ndizvozvo. Unonditenda, handizvo here, Georgie? Une chimwe chinhu chiri pamoyo pako, Georgie. Unotenda here kuti Mwari vanogona kundiudza chiri pamoyo wako?

Zvingaita here kuti imi mose, vanhu vanondiziva, mutende?

²⁵⁹ Ndinoziva Georgie, asi ari kufunga nezve chimwe chinhu. Ane vanhu 2, vari kure nepano, vaari kunamatira. Vese vari vaviri vanogara kuCorydon. Ndizvozvo. Uye ane munhu pano, murume waari kunamatira, ari kunze uko muchipatara. Uye uri kunamatira, kwete kupodzwa kwake kunyanya, asi ruponeso rwemweya wake. IZVANZI NAJEHOVHA. Ndizvozvo. Ndizvo here, Georgie? Ndizvozvo chaizvo.

²⁶⁰ Mumwe munhu kumashure-shure uko vasimudza ruoko rwavo, kumashure-shure uko chaiko, kumashure uku muno. Imi, ko imi? Mungasimudza ruoko rwenyu, muri mutorwa here kwandiri? Murume uyu agere pano akanditarisa, handikuzivei. Munonditenda here kuti ndiri muporofita waMwari, muranda waMwari? Munotenda Mweya Mutsvene, zvandataura kuti iChokwadi? MunoZvitenda here? [Hama inoti, “Hongu.”—Mupepeti] Kana muchitenda, ma-. . .ndicho chinhu chega chamunacho, nokuti muri kutambudzika nekenza. Ndizvozvo. Hamubve muguta rino. Munobva kuNew Albany. Ndizvozvo. Uye mune kenza. Kana mukatenda nemoyo wenyu wese, muchapora. Muchazvigamuchira here? Simudzai ruoko rwenyu. Ishe ngavarumbidzwe.

²⁶¹ Ndinotenda, mudzimai uyo uko akapfeka ngowani chena mumusoro make, mudzimai wechitema, asimudza ruoko rwake. Handisati ndave nemunhu mutema nazvino. Munotenda here, amai? Zvakanaka, changamire, tendai nemoyo wenyu wose. Mune dambudziko remoyo, dambudziko remudumbu, matambudziko mazhinji. Mumwe munhu akuunzai pano mangwanani ano. ZVANZI NAJEHOVHA. Ndizvozvo, handizvo here, amai? Kana zviri izvo, vheyesai hengechepfu yamuinayo muruoko rwenyu, kuti vanhu vaone. Handisati ndamboona mudzimai uyu muhupenyu hwangu.

²⁶² Masimudza ruoko rwenyu here? Ndiri mutorwa kwamuri here? Uye muri mutorwa kwandiri. Munotenda here kuti Mwari vanondiziva, kana kuti Mwari vanokuzivai? Munotenda here kuti Vanogona kundiudza zviri pamoyo penyu? Muri kunamatira mumwe munhu. Ndibaba venyu, vane dambudziko remoyo. Ndizvozvo. Uye muri kutsvaga rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. ZVANZI NAJEHOVHA.

Kana muchigona kutenda!

²⁶³ Ko mudzimai mudiki akasimudza ruoko rwake sezvizi, munotenda here? Dambudziko renyu mapundu akati tsvete paruoko rwenyu. Asi muri kunamatira mumwe muzukuru.

Ndizvozvo. Mwana uyu haasi muchinhano chinotarisirwa. Ichokwadi. Handizvo here, amai? Munotenda nemoyo wenyu wese, nokuda kwazvo.

Pandati, “mwana.” Mirai zvishoma. Oo, hezvoka izvo. Mwanakomana wenyu akaita tsaona yemotokari; akaremara. Handikuzivei, amai, asi ichokwadi. Kana zviri izvo, simudzai ruoko rwenyu.

²⁶⁴ Zvino, ndiAni ari pano? Ndiyani iYeye? Haasi ini. Ko ndingagone kuzviita sei? Musave nechiveve cheMweya, zvinhu zveMweya. NdiMwari vari pano! Iwoyo Mweya Mutsvene wamuri kuda, munoUtenda here zvino? MunoUtenda here zvino? Zvakanaka, zvino Ugamuchirei zvino. Ino ndiyo nguva yekuUgamuchira. Tendai nemoyo wenyu wese.

²⁶⁵ Imi muri kurwara kana mune chamuri kuda. Handigone kupodza. Hapana munhu anogona kupodza. Handigone kupa Mweya Mutsvene. Asi Uyo anogona kupodza nekupa Mweya Mutsvene, Ari pano. Ndiye Wacho Anozviita.

²⁶⁶ Zvino kotamisai misoro wenyu. Imi tendai iko zvino, pandiri kukunamatirai pamwe nemahengechepfu aya.

²⁶⁷ Baba vedu Vekudenga, sekuziva kwangu, ndapfuura nemune vanhu vese vanga vari vatorwa, sokunzwa kwandaita ndichipera simba nekurukutika; ndanzwa kutungamirirwa kuti ino ndiyo nguva zvichida yaonekwa neVasanangurwa. Dai mumwe nemumwe wavo, Ishe, adanwa uye abvumirwa kuti adanwe neMweya weNyū; chimwe chinhu, kutenda kwavo, vanga vaine kutenda kwakawanda (vamwe vavo) kupfuura zvavanga vachifunga kuti vanako. Vangotangira mumoyo yavo.

²⁶⁸ Uye mudzimai akabata nguwo yaKe imwe nguva paAkapfuura nepo, zvino Akatendeuka ndokuti, “Ndiani aNdibata?”

Zvino ivo ndokuti, “Asika, munhu wose aKubatai.”

²⁶⁹ Akati, “Asi Ndinoona kuti Ndapera simba.” Zvino Akawana mudzimai mudiki uyu ndokumuudza kuti anga aine dambudziko rekubuda ropa, uye kutenda kwake kwakanga kwamupodza.

²⁷⁰ Uye Bhaibheri rakataura, kuti, “Achiri Muprisita Mukuru, nhasi, anogona kubatwa nemanzwiwo ehutera hwedu.” Rugwaro rwakati, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.” Uye kana Ari mumwe chete, uye Muprisita Mukuru mumwe chete, Achazvibata zvimwe chete uye oita zvimwe chete.

²⁷¹ Uye dai vanhu vaona kuti Chechi yakazadzwa neMweya yave kusvika pamangange. Kristu ave kugadzirira kuuya kuzatora Chechi yaKe. Zviratidzo zvaKe zvikuru zvokupedzisira, sezvazvaiva mumazuva eSodhoma; Uyo akataura, ndokuziva Sara, uye akaziva kuti murume uyu akanga aine mudzimai anonzi Sara, akaziva kuti aseka mutende; Akati, “Chichava chiratidzo. Kana maona izvozvo, rangarirai, chizvarwa ichocho

hachingapfuuri kusvikira zvose zvazadzikiswa.” Hezvinoi izvi. Tave kumagumo.

²⁷² Itai, Ishe, kuti munhu wose anorwara ari muno azive kuti Jesu Kristu mupenyu ari pano. Dai hengechepfu idzi dzaropafadzirwa kumutumbi wese unorwara kwadzinoenda kwauri. Ndinotsiura dhiyabhore, nokuda kwevanhu. Ndinomudzinga, neMweya waMwari, mukutenda, ndinodzinga mumvuri wose wekupokana. Dai munhu wose ari pano, akatemerwa kuHupenyu Husingaperi, aHugamuchira nguva ino. Dai kutenda zvemweya-mweya kwese, kudzimura kudiki kwese, chinhu chidiki chese chenyika, zvinoremera zvidiki zvese, sekataura kwakaita Bhaibheri, “Ngatibvisei zvose zvinoremera, nechivi chinotivhiringidza zviri nyore; kuti timhanye, nokutsungirira, nhangemutange yakaiswa mberi kwedu; takatarisa” (kune chii? kucheche? kusangano?) “kuMuvambi neMukwanisi wekutenda kwedu,” ari pano zvino, “Jesu Kristu, Mwanakomana waMwari.” Takatarisa kuna iYe Uyo...Hatisungirwe kuti titore mazwi atinoziva kuti ichokwadi, asi zvakadaro Mashoko iwayo aitwa mazvirokwazvo kwatiri mangwanani ano. Jesu mumwe cheteyo akafa, haana kufa, Akamuka zvakare, uye mumakore 2,000 akazotevera Ari kuunza Chechi yaKe pamangange. Mweya waJudhasi uri kushanda pakati pavo. Asi dai vasiya chigumbuso chose nezvose, nguva ino, uye vaMugamuchire.


²⁷³ Dai vakanzwa, zvinova izvo zvavaita, kubudikidza nemharidzo. Dai vacherechedza zvino kuti Mashoko acho chaiwo avanzwa aratidzwa, uye vanoRicherechedza, kuti NdiKristu. Uye dai zvino vaita, vaita paRiri: vaRigamuchira, uye vasimuka netsoka dzavo, vagopa chapupu; uye vagopinda muHumambo hwaMwari, nekuzadzwa neMweya Mutsvene.

²⁷⁴ Dai vanorwara vapodzwa. Dai vanotambudzwa vapodzwa. Dai chishuvo chemoyo wese charinganiswa. Zviitei, Mwari Samasimba.

²⁷⁵ Zvino nemisoro yenyu yakakotamiswa, mwoyo yenyu yakazaruka, ingozvipa iwe kanguva kekunamata; pasati pava, ndinofungidzira, neshumiro yerubhabhatidzo iri kuuya, izvi zvisati zvaitika. Pachava neimwe shumiro manheru ano.

²⁷⁶ Zvino, rangarira, usarega mukana uno uchipfuura. Ndanga ndiri pano zvino kwemaawa 2 nehafu, kana kupfuura, ndichiedza kungatora nguva yangu, ndichiunza Evhangeri, nokunyatsoItsanangura zvakakwana. Tikabva tanyatsodzika kusvika kumagumo chaiko. Nemusoro wenyaya chaiwo wokuti: inzwa, cherechedza, ita. Usazvirega zvichipfuura nepamusoro pemusoro wako. WaRinzwa. Unocherechedza here kuti Hupo hwaKe huri pano? Unoziva here kuti Atori iYe ari kukudana? Zvino chiita chimwe chinhu paRiri. Mwari vave nemi. Ivai nenguva yemunamato.

²⁷⁷ Hama Neville, huyai henyu, zvisihoma, munamate, kana mukauya kumusoro kuno.

Chingomubatai. 

60-0221 Kunzwa, Kucherechedza, Kuita Zviri MuShoko RaMwari
Branham Tabhenakeri
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuperadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org